

# POUKISA MWEN KONT

## RELIJYON ÒGANIZE



Mèsi, Frè Neville.

Nou mèt chita. Premyèman, mwen te tèlman okipe jodi a ke mwen rate kèk apèl moun ki malad. Te gen kèk moun ki te gen ka prive pou m te priye pou yo, ke m te sipoze rankontre. Men la kèk nan. . . youn nan gwoup yo, mwen kwè Billy te di yo soti Canada, de ou twa kote diferan. Kounye a, yo vin isi a, ou konnen, epi yo rete tout tan sa nan otèl ak motèl. E m t al wè yo, rankontre yo pou priye pou yo ap soti toupatou nan mond lan, an Azi, Ewòp ak toupatou. Jou apre jou, lè nou isi a, moun yo vini. Gen plis pase sisan sou lis la, k ap tann. . . pou entèvyou prive, e konsa sa rann bagay la yon jan difisil. Men, moun ki vrèman malad yo e ki nan ijans pou priye pou yo, enben, mwen eseye rankontre yo.

<sup>2</sup> Jis, ebyen, kòm m te la avèk konsèy administrasyon an, nan yon ti seyans ak konsèy administratè m yo isi a nan legliz la, nou te oblije rankontre kèk moman de sa. E pandan tan sa a sa te retade m de apeprè inè edmi, e te gen kèk moun ki te sipoze isi a nan moman sa pou m te priye pou yo. Si yo la, mwen ta renmen priye pou yo kounye a. Kifè, si yo vle, moun sa yo ke m te sipoze priye pou yo a, ebyen, si yo ta jis vanse kounye a pandan pyanis la, kèlkeswa moun li ye a, ap vini pou—pou ban nou yon ti nòt sou “Gran Medsen an toupre kounye a, Jezi ki gen konpasyon an.” Kounye a, moun pou nou priye pou yo a, si yo vle, konbyen moun yo te ye, mwen pa konnen. E nou se frè yo, mwen sipoze. Frè m yo, mwen te soufri anpil nan pwòp kò pa m. Jezi nan kò pa L, te soufri, pou L te ka vin yon bon jan Medyatè a, paske Limenm antanke Bondye te vin lachè pou L te ka soufri. Li te ka santi doulè enfimite yo. E se poutèt sa Li te vini pou fè yon ekspyasyon. E se nan sa Li te komisyone Legliz Li pou kontinye travay Li.

<sup>3</sup> Epi mwen gen—Mwen gen anpil respè pou pwofesyon medikal la, chiriji e latriye, ak—ak talan Bondye ba yo a pou akonpli sèten bagay nan kò sa, pou opere epi rache dan ki pa bon, e latriye. Mwen apresye sa. Men gen de moman ki konn rive kote sa depase konesans yo—yo, yo—yo pa konn kisa pou yo fè. Ou wè? E mwen panse, lè sa, nou gen pafètman dwa, jan nou ta fè natirèlman, si nou t al kay doktè fanmi nou an, petèt yon—yon doktè andeyò, kèk vye bon doktè ki ap pwonmennen ak yon lanp epi k ap mache nan chan an lannwit, pou jwenn ou, pou pran swen w. E si l pa konn pwoblèm lan, li pral mande yon moun ki jis on tijan pi save pase l. L ap voye w kot yon espesyalis. E

kounye a si espesyalis la pa konnen, mwen—mwen byen kontan ke nou gen yon lòt resous, gran Medsen an.

<sup>4</sup> E Li p ap fayi, Moun sa a p ap fè sa, paske Li se Kreyatè a Limenm. Epi Li te fè yon chemen pou nou. Bon, si te gen nenpòt pwisans gerizon nan mwen pou fè sa, mwen—mwen t ap vin la pou fè l. Mwen—mwen t ap jis byen kontan pou fè l. Men, pwisans gerizon, mwen pa gen okenn, okenn lòt moun pa gen pwisans gerizon. Men yo komisyonen nou, ou wè, pa Kris, pou priye pou malad yo, Ki te deja fè depo pou pwisans gerizon an. Ou wè? E nou sèlman vini, jan sa te ye a, pou ekri yon chèk sou depo sa. “E kèlkeswa sa nou mande Papa a nan Non Mwen,” sa se chèk en blan an, “kèlkeswa sa nou mande Papa a nan Non Mwen, M ap fè l.” Ala yon pwomès! Sa jis pa ka fayi. E m te ede frè ak sè m yo, atravè lemonn, fè depo sa yo . . . oswa ankese chèk sa yo sou nòt sa yo nan Bank Bondye a, ak San Jezikri a. E sa te gen anpil siksè. Li te toujou onore sa, paske depo a te deja fèt, ou wè. “Li—Li—Li te blese pou dezobeyisans nou yo, avèk tout kou L te resevwa yo nou te geri.” Ou wè, tout bagay fini. E nou kontan aswè a pou fwa nou.

<sup>5</sup> Mwen kwè Billy te di m gen yon frè ki soti byen lwen depi Canada oswa yon lòt kote. Èske se sa? Se oumenm frè ki sot Canada a? Epi—epi ki kote w soti, frè? [Frè a di: “Jis nan nò Fort Wayne, nan Kendallville.”—Editè a.] Kendallville, Indiana, toupre Fort Wayne. Mwen te marye nan Fort Wayne. M sonje sa byen. M te fè anpil reyinyon la a nan Tabènak Rediger a. M sipoze ou konn ki kote sa ye. E m sonje, antan m te yon ti gason, ki te konn chita nan pye Paul Rader, nan Tabènak Rediger a, antanke jis yon jèn minis etidyan. Li se yon grantòm, Frè Pòl te sa, e Frè Rediger tou, dezòm ki gen lafwa. Nanm yo ap repoze aswè a. Kounye a, antanke yon ti gason, m ap eseye kontinye ak sa yo te kite, ak sa Jezi te kite pou Legliz Li depi byen lontan.

<sup>6</sup> Kounye a, ak tout fwa ke m posede, m ap vini pou priye pou nou. E mwen—mwen p ap vini jis nenpòt kijan. Nou pa janm vle apwoche l fason sa. Non, sa pa kòrèk. N ap vini, pou ap kwè ke nou pral resevwa sa nou te mande a, ou wè, nou konsyan ke Bondye te pwomèt li. E n ap vini avèk asirans nan kè nou ke Kris te fè pwomès la, e nou menm frè yo nou te eseye depoze fwa nou sou lotèl la, nou te fè tout sa nou kapab, m ap vin depoze pa m avèk nou aswè a. Ou wè?

<sup>7</sup> Epi, kounye a, nou gen yon gran lotèl ki etann atravè syèl la, e Sakrifis nou an blayi sou lotèl sa a, Pitit Bondye a. Ou wè? Se Sakrifis k ap senyen sa. Bondye pa ka gade sa san L pa respekte L, ou wè, paske Se Pawòl Li: “Sa se Pitit Gason byenneme M lan, koute L.”

<sup>8</sup> Mwen pral mande Frè Neville, ansyen nou an, si l vle vanse avè m kounye pandan nou prale. Mwen vle tout legliz la . . . E si se te frè w, mari w, pitit gason w, papa w? Se sa l ye pou yon moun,

sonje. Ann pwoche kote Bondye kounye a, avèk tout senserite nou genyen, pou frè sa yo.

Annou bese tèt nou.

<sup>9</sup> Papa nou nan Syèl la ki fè Gras, n ap mennen nan Prezans Ou kounye a, bò lotèl gras la, menm si nou kanpe bò yon ti ban an bwa, jan sa ye, isi a sou tè a, men fwa nou leve rive anwo sou gwo lotèl k ap boule byen lwen laba, kote Jezi ye (bon odè agreyab devan Bondye, Sakrifis San ki soti sou Kalvè a) Ki te triyonfe sou tout maladi, tout enfimite, lanmò, lanfè, ak tonbo, e te resisite pou monte nan Syèl la, pou chita sou bò dwat Majeste Li. E noumenm, pa lafwa, nou vini, pou ap leve tèt nou la nan gras Bondye a, pou ap di sou lotèl sa, bay gran Kreyatè Syèl ak tè a: “Resevwa nou, Seyè, pandan n ap apwoche nan Non Seyè Jezi a.”

<sup>10</sup> Men frè nou yo, e youn ladan yo soti anwo nèt pi lwen Fort Wayne, isit la nan etazini, e lòt peyi byen lwen soti Canada desann isi a, yo vini pou moman ki pi serye sa. Se yon kesyon de vi ou de mò, Seyè. Men de mesye, jèn toujou, yo gen anpil sèvis ki rete pou yo fè pou Ou, Seyè, de sòlda, Kreyen ki kwè nan Ou. Epi lènmi an tire yon ti flèch, e ti flèch anpwazonnen sa a frape yon kote nan kò yo, e yo te retounen, te fè retrè pou al lopital gras Bondye a, pou rekonsilyasyon, pou gerizon, pou yo te ka retounen sou fwon an ankò, ak boukliye yo leve, pou al batay. Yo vini pou ini fòs lapriye yo avèk nou, Seyè. E nou pral fè fas a lènmi an.

<sup>11</sup> Nan Non Jezikri, delivre yo. Nou sipliye w nan Non Jezikri, kite yo ale.

<sup>12</sup> Yo se vanyan sòlda nan batay la. Epi, antanke sèvitè W, mwen avanse kounye a pou poze men sou yo, ak lafwa, avèk asirans ke, “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè,” Seyè nou an te di, gran Kapitèn an Chèf batay nou an, “si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.”

<sup>13</sup> Mwen fè sa nan Non Jezikri. Ke pwisans maladi ki mare kò frè sa, libere l, nan Non Jezikri.

Pwisans maladi ki mare kò frè sa a, libere l. Nan Non Jezikri, ke sa pati.

<sup>14</sup> Bondye Toupwisan, Kreyatè Syèl ak tè a, Otè Lavi san fen an, e Sila ki bay tout bon don an, mennen benediksyon W yo sou moun nou beni yo. E sa ekri nan Lèzekriti, ke, “Si w di montay sa, ‘Deplase,’ pa doute nan kè w, men kwè ke sa w te di a pral rive, ou ka jwenn sa w te mande a.” Mwen kwè ke maladi yo a disparèt soti nan kò yo. Kounye a sa te pwononse; alò ke sa fèt. Amèn.

<sup>15</sup> Nan Non Seyè Jezi mwen kwè nou lib. Nan Non Jezikri mwen kwè nou lib. Amèn.

Èske legliz kwè menm jan an? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Alò ke sa fèt.

<sup>16</sup> Kounye a, èske gen lòt moun isi a ki ta jis renmen yo sonje yo nan lapriyè, èske nou ta vle leve men nou? Trè byen, annou apwoche L kounye a pandan n ap poze men youn sou lòt. “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.”

<sup>17</sup> Bondye ki pi sen an, pa lafwa nou wè Jezi, nou kwè Li kanpe la prezan. L ap veye sou Pawòl Li. Epi Li te di, “Nenpòt ki kote de oswa plis moun reyini nan Non M, Mwen la nan mitan yo.” Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, kite pwisans Bondye Toupwisan an touche moun sa yo, Seyè, pandan y ap kenbe men youn ak lòt, poze men youn sou lòt. Dènye komisyon an Ou te di Legliz: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad, yo va . . . yo va geri.” Ou te pwomèt sa, e nou kwè l. Kifè kounye a sa te fèt, e nou louwe W pou sa, nan Non Jezikri. Amèn.

<sup>18</sup> E nan Non Jezikri ke pwisans Bondye a wenn mouchwa sa yo pou malad ak sa k nan nesite yo. Alòske n ap voye yo pou yo ka poze sou malad, ke sa rive ke yo va geri. Nou li nan Bib la ke yo te pran mouchwa, lenj, ki te touche Sen Pòl; move lespri yo te kite moun yo, epi maladi yo te geri. Epi, Papa, nou konnen nou pa Sen Pòl, men nou konnen Ou toujou Jezi. E nou priye ke Ou va akòde rekèt sa a pou glwa Ou. Amèn.

<sup>19</sup> M pa konnen si gen . . . kasèt yo ap jwe toujou, ou pa. Èske y ap jwe? Si se pa sa, mwen ta renmen yo kòmanse anrejistreman an kounye a. Mwen kwè switch la pase. Bon, m espere ke m p ap fatige nou aswè a. Mwen kòmanse apeprè yon demi è oswa trant senk minit pi bonè. E mwen . . . Se yon leson lekòl dimanch, e mwen te panse petèt li ta bon si m te anrejistre sa a poutèt sa nan kè m. E nou sou pwèn antre nan yon—yon nouvo faz, nouvo tabènak, tou nèf.

<sup>20</sup> E kounye a mwen ta renmen li kèk nan Ekriti yo. Si noumenm moun yo ta renmen li avè m, mwen vle li nan Premye liv Samyèl, chapit 8 la, e nou vle kòmanse ak vèsè 4 a 10; epi apre, pou sove tan, vèsè 19 a 20. E mwen gen plizyè fèy ak referans Ekriti ki ekri la, ke si noumenm moun yo gen plim ak kreyon, oswa yon bagay, tankou papye, ke nou ta renmen refere a yo oswa note yo, ou ka jwenn yo, oswa, Mesye. Maguire ap gen kasèt la—la—la.

<sup>21</sup> E mwen vle pou kasèt sa konsakre pou minis yo, frè m yo, minis ki mal konprann mwen yo, espesyalman frè legliz denominasyonèl yo. E pi fò se denominasyon.

<sup>22</sup> E sijè pa m aswè a se: *Poukisa mwen Kont Relijyon Òganize*. Epi mwen pral li kounye a pou bay yon kontèks, oubyen yon lekti Biblik, pou rann li konfòm selon Lekriti, mwen vle li nan Premye liv Samyèl 8:4-10, apresa 19-20. Pou moun ki nan oditwa vizib mwen an, m espere ke lè nou retounen lakay nou, n ap note Ekriti sa yo epi li yo ak anpil atansyon. E pou frè yo ki pral koute kasèt la, mwen espere ke noumenm tou nou p ap jis rete kasèt la lè yo di

yon bagay petèt ke nou pa dakò avè l, men ke n ap chache Bondye ladan l, pou wè si sa selon Lekriti. Mwen panse li enpòtan pou nou pou nou fè l e pou Mesaj pou jou sa.

<sup>23</sup> Mwen kwè ke tout legliz gen Kretyen ladan yo, e sètènman mwen pa pale kont Kretyen yo. Men rezon ki fè m te fè sa m te fè a, epi di sa m te di a, se poutèt enspirasyon Sentespri a sou Pawòl la.

<sup>24</sup> Kounye a annou li nan Premye liv Samyèl, chapit 8 la, depi vèsè 4, e annou li vèsè 10 la, enkli, pou kòmanse.

*Lè sa a, tout chèf fanmi ki te responsab pèp Izrayèl la sanble, y al jwenn Samyèl lavil Rama,*

*Epi yo di l: Gade, ou fin granmoun, pitit ou yo pa swiv. . . pa swiv egzanp ou te ba yo: Koulye a chwazi yon wa pou gouvènen nou jan sa fèt nan tout lòt peyi yo.*

*Pawòl sa yo pa t fè Samyèl plezi paske yo t ap mande pou li ba yo yon wa pou gouvènen yo. Samyèl lapriyé SEYÈ a.*

*SEYÈ a di Samyèl ankò, ou mèt koute tou sa pèp la di ou: Paske se pa ou menm y ap voye jete, se mwen menm menm y ap voye jete, yo pa vle m pou wa yo ankò.*

*Depi lè mwen te fè yo soti kite peyi Lejip la, se sa ase y ap fè m, Y ap vire do ban mwen, y ap sèvi lòt bondye, se menm bagay la y ap fè ou jòdi a tou.*

*Se poutèt sa, koute sa y ap di ou: tansèlman, avèti yo pou mwen, tou fè yo konnen ki jan yon wa pral boule ak yo.*

*Samyèl rapòte bay pèp la ki t ap mande yon wa a tout pawòl SEYÈ a te di l.*

<sup>25</sup> Kounye a vèsè 19 e 20 pou konklizyon an.

*Pèp la te refize koute Samyèl. Yo t ap di: non; Se yon wa nou vle pou gouvènen nou;*

*pou nou kapab menm jan ak tout lòt nasyon yo; wa nou an va gouvènen nou, l a mache alatèt lame nou lè. . . nou pral nan lagè, l a mennen batay nou pou nou.*

<sup>26</sup> Se pou Senyè a ajoute benediksyon Li sou lekti Pawòl Li yo. Kounye a, kòm yon klas lekòl dimanch, mwen ta renmen di ke nou vle pou w eseye rete atantif otan—otant nou kapab a Pawòl la.

<sup>27</sup> Epi nou konnen ke—ke pafwa yo di dè bagay, (kèk legliz), ki fè yon moun ke yo te anseye kontrè a sa l te resevwa bite. . . a sa l ap tandè. Pa egzanp, yon nonm te di m lòt jou, li se yon zanmi m ki chita la kounye a, li te di: “Frè Branham, malgre tout fwa m gen nan ou, pou kwè, lè w te di, lè w te di pa t gen ‘ankenn lanfè Etènèl,’” te di, “mwen te kwè ke m ta pral tonbe sot sou chèz mwen te chita a. E m te reponn: ‘Se sètèn nonm lan nan erè.’”

Aprè l te di: “Ou te kite nou konsa yon bon moman. Apresa w te di: ‘Gen yon sèl fòm Vi Etènèl, e sa vin de Bondye.’” E se sa nou tout ap chache, ou wè.

<sup>28</sup> E pa gen okenn Ekriti ki di gen yon lanfè Etènèl. Paske, sa k Etènèl pa t janm kòmanse, ni li p ap janm fini. Kifè Bib la di “lanfè te kreye pou dyab la ak zanj li yo,” kifè li pa Etènèl. Te gen yon lè sa pa t konsa, e pral gen yon lè sa p ap konsa ankò. Men yo ka pini anndan la, atravè dife ak souf, epi nan abim dife yo, pandan trè lontan, men finalman sa ap fini paske lanfè pa Etènèl. E si te gen yon lanfè Etènèl, ou t ap oblije gen Lavi Etènèl pou viv nan yon lanfè ki Etènèl. Epi si l te Etènèl, li te toujou la, epi ou te toujou nan lanfè epi w ap toujou nan lanfè. Ou wè, kidonk pa gen bagay konsa.

<sup>29</sup> Kifè, ou wè, *Etènèl* “pa t janm gen yon kòmansman oswa yon fen.” E gen yon sèl fòm Vi Etènèl, e se nan Bondye, ki vin de mo Grèk sa *Zoe*, ki vle di “Pwòp Vi Bondye.” E lè nou ne de nouvo ak Lespri Bondye, nou vin Etènèl avèk Bondye, paske nou gen yon pati nan Vi Li, ki fè nou vin pitit gason ak pitit fi pou Bondye, lè sa nou gen Lavi Etènèl. E Vi ki lan nou an, Bondye va resisite kò a ak Vi sa nan dènye jou a, men se Lespri Bondye ki nan nou an ki resisite, paske se yon Espri Kris ki te nan Kris, k ap vivifye kò nou epi resisite nou tou, avèk Li, pou nou chita nan—nan—nan Laglwa epi reye avèk Li.

<sup>30</sup> Bon, ann pale de sijè a, kounye a, mwen te la pandan tout ane sa yo, e tabènak sa a te pran pozisyon. Menmsi, se Doktè Roy E. Davis, ki te òdone m nan yon legliz Misyonè Batis, apeprè trant twazan de sa, isi a nan Jeffersonville. Bon mwen, depi lè sa, mwen te nan òganizasyon jis yon ti tan, kèk mwa, jiskaske legliz la te fè yon bagay ki pa t selon Ekriti a, e mwen te di l ke mwen pa t ka swiv sa. E alò natirèlman, yo te mande m pou “fè l sinon,” e mwen te chwazi sinon. Kifè se te yon sèl bagay ke m kwè, ke sa se Pawòl Bondye a. E m te di nonm lan ki te yon—yon mèt anseyan: “Si w vle montre m sa nan Pawòl Bondye a!”

“Men sa,” li te di, “se ansèyman nou.”

Mwen te reponn: “Men mwen vle l soti nan Pawòl la, ou wè, Pawòl Bondye a.”

<sup>31</sup> E se pa paske mwen pa fè pati yon òganizasyon ki fè mwen te kont òganizasyon an, paske m gen rekonesans anvè frè m yo, ke m ap pale jodi a, ke m te envite yo, mwen kwè, prèske tout denominasyon, espesyalman nan ran Levanjil Konplè a, e menm nan anpil lòt legliz yo. Yo te mande m pou m antre nan fratènite yo epi vin manm avèk yo, men m te rete endepandan. Paske, kèlkeswa enfliyans mwen genyen an, mwen pa vle egzèsè l sou yon sèl gwoup moun. Mwen vle sèvi ak sa Bondye ban mwen, yon don priyè pou malad yo, pou benefis tout pitit Bondye yo nan tout òganizasyon. Li pa t janm kesyon pou mwen pou m pa

priye, pou *yon* moun poutèt li fè pati de *Tèl-ou-tèl* legliz, Bondye jije kè lòm.

<sup>32</sup> Bon, pou kòmanse, rezon ki fè mwen pa t pou yo e mwen te pale kont sa, se, premyèman, se paske mwen pa kwè ke òganizasyon Krisyanis la baze sou Bib la. Mwen kwè li pa selon ekriti a. E se sa mwen pral eseye, aswè a, fè efò ak gras Bondye, pwouve nou ke sa pa selon ekriti a, li pa konvnan pou gen okenn òganizasyon.

<sup>33</sup> Bon, tou dabò, nou rele l “*relijyon*.” Mo *relijyon* an se “yon kouvèti,” ki vle di pou kouvri yon bagay. Kounye a, Adan te gen yon relijyon, men se sètènman limenm ki te fè l, ak fèy figye, e sa pa t mache. Li te fè pwòp teyori pa l epi li te eseye fè yon mwayen pou chape poul li, pou jwenn sali nan yon bagay li te fè pou tèt li, e Bondye te rejte l, depi Adan jouk rive nan dènye òganizasyon an. Sa pa t janm konsa, e avèk gras Bondye n ap pwouve sa jodi a atravè Bib la. Relijyon se te yon kouvèti. Adan te fè pou tèt li yon kouvèti ak fèy figye, li te fè sa, limenm, pou eseye fè yon bagay poukont li.

<sup>34</sup> Men Bondye te egzije lanmò, yon ekspyasyon. Kounye a, gen yon gwo diferans ant relijyon e sali, ou wè, sali. Relijyon se yon kouvèti. Ou wè? Sali se yon Nesans, yon don Bondye. Sali se yon Nesans, yon don Bondye, e li pa ka atenn ak okenn moun oswa okenn gwoup moun. Se yon endividi ke Bondye mennen don sa bay. Epi don Lavi Etènèl sa yo te òdone pa Bondye pou chak endividi anvan menm nou te gen yon mond, dapre Ekriti yo. Bib la di, nan Apokalips, ke antikris la ki te gen pou vini sou tè a, t ap sedui tout sa ki abite sou tè a, ke non yo pa t ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. Ou wè? Bondye, avèk presyans Li, te wè kimoun ki t ap vini e kimoun ki pa t ap vini, Kris te desann pou fè yon chemen pou sila yo ki t ap vini. Ou wè, konsyan pou lòt yo.

<sup>35</sup> Si L se Bondye, vrèman, Li oblije enfini. E si L enfini, Li pa ka enfini san L pa omnipotan. Li pa ka omnipotan san l pa omniprezan. Li pa ka omniprezan san l pa omnisyan. Konsa, ou wè, tout bagay sa yo fè L Bondye.

<sup>36</sup> Kifè, Li te konn lafen depi nan kòmansman. Li te konnen kilès ki t ap vini e kilès ki pa t ap vini, e Li te konnen te gen anpil moun ki t ap vini, kifè Li te voye Kris pou fè yon ekspyasyon pou sila yo ki t ap vini. Kounye a, pa gen anyen nou fè ki ka gen anyen pou wè ak sa. Jezi te di: “Tout sa Papa a te ban Mwen,” te, o pase, “ap vin jwenn Mwen. Epi pèsonn pa ka vini si Papa M pa atire l.” Ou wè? Kounye a, ou wè, tout sa nan konesans Bondye.

<sup>37</sup> Ou di, “Frè Branham, èske m ladann?” M pa konnen. M espere ke m ladann. N ap travay pou pwòp sali nou avèk krent e tranbleman. Kounye a, Legliz predestine pou rankontre Bondye san tach ni rid. Kounye a, si nou nan Legliz sa, nou predestine

ak Legliz sa. Kounye a egzamine tèt ou ak Pawòl la, alò ou ka verifye a ki distans nou ye.

<sup>38</sup> Bon, kounye a, Krisyanis òganizasyonèl pap janm ka bay asirans sa a. Non. Kèk nan yo te di: “Vini epi konfese ke Jezi se Kris la epi batize nan legliz la.” Dyab la fè menm bagay la. Li kwè, limenm, ke Jezi se Kris la, e li tranble. Ou wè, se vre.

<sup>39</sup> Bondye pa janm bay lòd, okenn kote nan Lekriti, pou te janm gen okenn òganizasyon. Pa gen okenn plas nan Bib la pou sa. Adan te kòmanse youn e li te echwe.

<sup>40</sup> Epi apres, Nimrod te eseye kreye yon òganizasyon. Si w se yon istoryen, e ou konn istwa Babilòn, li *De Babilòn* Hislop, w ap jwenn anpil limyè. Nimwòd, nonm peche sa a, te pran Babilòn ak tout ti legliz sè yo, oswa plas ki te nan viwonn lan, ki te yon tip de—de Krisyanis nan apostazi dènne jou sa a, epi l te fè yon sèl gwo plas e tout rès yo te jwe . . . te peye l yon montan. Epi la li te bati yon gwo kay tou won epi li te eseye òganize lèzòm ansanm, men sa te echwe. Sa te echwe. Bagay sa te echwe.

<sup>41</sup> Kore, nan Nonb 16:1, si w ta renmen li, Kore te eseye menm bagay la. Li te rasanble tout Levit yo, epi li te pran . . . kèk nan selebrite yo, gwo zotobre, gwo zafè, òm sen, epi limenm ak Datan te reyini ansanm, yo te di: “Se pa kòrèk pou yon sèl moun ap eseye kontwole nou tout.” Epi konsa, yo te eseye mete yon òganizasyon sou pye, e yo te prezante devan Moyiz ak Arawon, ke Bondye te chwazi pou travay la, pou di yo ke yo te pran twòp sou do yo, ke tout kongregasyon an te sen, e yo te gen dwa pou . . . “Nan anpil konsèy gen sekirite,” natirèlman, yo di sa. Men sa pa aplike pou Krisyanis. Sa se nan lagè. Remake, gen yon grann diferans.

<sup>42</sup> Ou ka pran yon Ekriti, pou di: “Jida t al pann tèt li,” epi “oumenm fè menm jan an,” si w vle, men sa pa vle di se kòrèk.

<sup>43</sup> Bondye te chwazi Moyiz e Bondye te chwazi Arawon, e se te mesaj pou jou sa. E kèlkeswa jan lòt kote a te parèt byen, li te kontrè a panse Bondye. E nou dwe kite panse Bondye vin panse pa nou. “Ke panse ki te nan Kris la nan nou.” E Bib sa revele panse Kris la. E tout Liv Revelasyon an, ki rele Apokalips, se Revelasyon Jezikri. E nou ka wè kijan Li kondane bagay la, kijan Li mete l sou yon bò, e n ap rive ladan l nan yon moman. Dakò.

<sup>44</sup> Kore, mwen kwè li te sensè nan aksyon l lan. Mwen kwè nonm lan pa t—pa t vle fè sa k mal. Mwen kwè se te inyorans nonm lan ki pa t wè men Bondye k ap ajì pou konnen Lèzekriti, e se poutèt rezon sa li te jis abouti nan rezònman.

<sup>45</sup> E sa se apeprè katrevendis pousan pwoblèm lan jodi a, sè ke nou eseye enjekte nan pwogram Bondye a, panse pa nou. E nou pa sipoze panse, ditou. Se Li k ap panse pou nou. Nou sipoze soumèt panse nou bay volonte Li. Ou konprann kounye a?

<sup>46</sup> Kore, avèk bòn entansyon, t ap mache ak yon fo doktrin, pou ap di frè sa yo, epi montre yo ak rezònman, ke Bondye pa t beni

Moyiz, pwofèt la, mesaje a sèlman, epi limenm e limenm sèlman, men, “Tout kongregasyon an te sen,” li te di, “e kounye a tout kongregasyon an gen dwa fè *sesi*, e tout kongregasyon an gen dwa fè *sela*.” E konsa yo te gen moun de byen, tankou Levit yo. Bon, se te chwa Bondye, sa yo ta rele jodi a, “minis yo,” Levit la te minis nan tanp lan. Eske Moyiz pa t reprimande yo pou sa? Epi, la, li pa t fè sa yon jan ki san- . . . ki manke respè. Li te di yo pou yo pran ansanswa, epi mete dife sakre a ladann, epi mete lansan sou li, epi ajite lansan sakre sa a, ki te kòmandman Bondye. E yo te vini pou fòmè yon gwoup moun pou kontwole legliz, alòske Bondye te òdone yon sèl moun pou fè sa.

47 E, lè yo te fè sa, Moyiz te tonbe fas atè paske li te konnen ke Bondye te komisyonè l pou travay sa. E Bondye te di: “Fè yo mennen ansanwa sa yo la devan tabènak la.” Kifè lè yo te kòmanse ap ajite ansanswa yo ranpli ak dife, avèk lansan an ki tap boule, Bondye di Moyiz ak Arawon, “Separe tèt nou de yo! Soti nan mitan yo!” Paske, pita Li te rele yo “pechè, enkwayan.”

48 E peche se enkredilite konsènan Pawòl Bondye a. Ou vòlè paske w pa kwè. Ou bay manti paske w pa kwè. Ou komèt adiltè paske ou pa kwè. Si w te yon kwayan, ou pa t ap fè yon tèt bagay. Gen sèlman de abiman, se swa lafwa oubyen enkredilite, ou kontwole pa youn ou lòt.

49 Kounye a, Bondye, nan kòmansman an, te Pawòl la, e Li te fè L chè pou abite pami nou. Li te Pawòl la, Li se Pawòl la! E lè Bondye demere nan ou, se Pawòl Bondye a ki abite nan ou, kote w ka reponn ak tout bagay Li di ak yon “Amèn.” Sa se Bondye ki abite nan ou.

50 Kounye a si w remake, mesye inosan sa yo ak ansanswa nan men yo, dife sakre nan men yo, Bondye te louvri tè a ki te vale yo, e te separe yo ak Moyiz paske Moyiz te separe tèt li avèk yo. Epi Moyiz te avèti kongregasyon an: “Pa pran plezi ak jan de gwoup sa. Elwaye nou de yo!” Kounye a, ou konn Lèzekriti, li chapit 16, 17, e menm, chapit 18 la, ou va jwenn sa. “Separe tèt ou ak pechè sa yo, pechè enkwayan yo. Soti nan mitan yo, paske y ap dirije yo nan destriksyon, avèk tout sa yo posede.” E lè yo . . . tè a te louvri epi te anglouti ak mesye sa yo ki te kenbe dife sakre sa a. Dèzòm inosan ke lòm te sedui.

51 Menm bagay jodi a! Gen anpil moun inosan ki tonbe nan pyèj tradisyon, ak Pawòl Sen an nan men yo, e swadizan pou ap preche L. Mwen te wè yon ekspresyon ki te parèt sou figi yon minis jis lè sa, yon minis Metodis, se te yon minis Metodis jouk dimanch swa dènye. E lè l te gade, mwen sipoze ke sa vle di anpil pou ou, frè, poutèt ou te sòti.

52 Bon, ou wè, yo t ap kenbe ansanswa, ak dife k ap boule yon bon odè devan Bondye, ak men sa yo ki kenbe sa, poutan yo te peri ak ansanswa a nan men yo, paske yo t ap eseye fè yon bagay ak senserite, poutan, ki te kont Pawòl Bondye a, yo t ap eseye fè

yon òganizasyon. Te di: “Ou pran twòp sou tèt ou. Kimoun ou ye pou di ou gen tout Pawòl Bondye a?”

<sup>53</sup> Yo te echwe pou wè ke Moyiz te mesaje a—a pou moman sa a. Ou wè, li te gen ENSI DI SEYÈ A. Pa t gen pèsonn sou tè a tankou l. Li te gen Mesaj la, e moun yo te echwe pou wè Sa. E Moyiz te egzaktaman avèk ENSI DI SEYÈ A. Se sèten. Trè byen.

<sup>54</sup> Kounye a nou jwenn menm bagay la jodi a, moun de byen, gwo zafè, dèzòm presye k ap eseye preche Pawòl Bondye a (ki nan men yo) atravè kèk tradisyon ke lòm fè. Y ap koupe *pasi*, epi koupe *pala*, pou rann li *sesi*, epi “vin fè w manm legliz epi chanje afilyasyon w,” epi ap mouri espiritiyèlman ak Pawòl sa a nan men yo! Ou wè?

<sup>55</sup> Yo pa t ka kwè mesaje Bondye a oswa Mesaj Li pou jou sa a. Yo pa t ka konprann poukisa yon gwo Bondye pa t ap travay ak tout gwoup moun yo nèt, pou jis konfyè sa bay yon sèl moun.

<sup>56</sup> Ak konbyen nan yo mwen te pale jodi a: “Kisa n ap fè, Frè Branham? Nou konnen w gen rezon, men kisa n ap fè? Òganizasyon an ap mete nou deyò, nou p ap gen ankenn lòt kote pou ale.” Mwen gen pitye pou yo; men gen yon Kote. Ou di: “Ebyen, n ap mouri grangou.”

<sup>57</sup> David te di, “Yon lè mwen te jèn, kounye a mwen granmoun, mwen pa janm wè moun ki mache dwat abandone, ni pitit pitit li yo ap mande charite.”

<sup>58</sup> Se egzaktaman sou menm baz la ke yo te refize Jezi. Yo te tèlman andyoze nan denominasyon yo, ak prèt sen yo ak bilding sen yo, ak legliz sen yo ak tanp sen yo, yo te echwe pou yo wè Bondye nan tanp imen Li a. “Oumenm, ki se yon nonm, te fè tèt ou pase pou Bondye.” Ou wè, yo te tèlman vlope ladan l! Mesye sa yo te tèlman vlope ladan l ke Datan ak yo te gen rezon. Nimwod te tèlman andyoze ke l te kapab reyalize yon bagay ki t ap mete pèp la pi wo kòlè Bondye. Adan te sèten ke si l te kouvri kò l ki te toutouni Bondye pa t ap ka wè l. Ou pa ka kache sa, Bondye dwe kache l. Ou wè? Ou wè? Pwogram Bondye a kache l, pa pa w la. Sa te toujou konsa, yo echwe pou wè Jezi nan tanp Li, Bondye manifeste nan lachè.

<sup>59</sup> Jodi a sa on jan fè m santi m mal lè m wè ke Pawòl Bib la te tèlman masakre ak tradisyon. E moun ki gen kè onèt ki kanpe la pou tandè Pawòl sa, yo konnen Se Laverite, men yo p ap oze bouje, paske tradisyon pa yo anseye yo yon lòt bagay. Lave chodyè ak kastwòl, alò, frè m, al annavan. Men pou noumenm, pou mwenmenm ak kay mwen, nou pran Kris, Pawòl la. Ou wè?

<sup>60</sup> Ann pran Jan 3 jis yon moman, Nikodèm, yon mèt e yon chèf nan yon gwo denominasyon ke yo rele Sannedren. Yo te reyini ansanm, epi yo te kreye tradisyon pa yo. Te gen pa—pa Farizyen yo ak pa Sadiseyen yo, e yo te gen denominasyon pa yo lè sa a, diferans pa yo, e konsa yo . . . Nonm sa a te yon mèt, yon chèf nan gran Sannedren sa a, yon nonm ekstraòdinè nan ansèyman. Li te

konn Lèzekriti, li te konn anseye l. Li te konnen l pa tradisyon yo. Èske Jezi pa t di: “Ak tradisyon nou yo, nou te, rann Kòmandman Bondye yo san efè”?

<sup>61</sup> Ou wè, poutèt tradisyon yo! Kisa sa ye? Yo mete pwòp entèpretasyon yo sou Pawòl la, olye yo kite L trankil, sa L di a. Yo di Sa pa vle di *sesi*. Èske w te remake, se menm vwa ke dyab la te itilize pou Èv, pou l te kòmanse premye òganizasyon an, ou wè. “Se sèten sa t ap fason *sa a*. Bondye pa t ap fè sa, ou konnen.” Ou wè, se menm bagay la. Se menm bagay la jodi a.

<sup>62</sup> Kounye a nou remake, chèf sa a vin jwenn Jezi. Premye bagay la, kounye a, li te vini pou ap chache Lavi Etènèl, li te vini pou ap chache sali. Poutan, yon nonm nan pozisyon l, yon mèt an Izrayèl, men yon mèt an Izrayèl ki te vin jwenn yon Nonm ke nou pa gen okenn dosye ke l te janm pase yon jounen lekòl. Yon vye granmoun, yon vye prèt, yon saj, ki te vin jwenn yon jèn Kanmarad. Yo te aristokrat, yon nonm rich ki te vin kot yon Mandyan ki pa t gen kote pou l repoze tèt Li, pou ap mande L chemen sali a ak Lavi. Premye bagay la, se sa Nikodèm te konfese, se moun ki te nan Sannedren an, yo te wè yon bagay nan Jezi ke lòt mesye òganizasyon yo pa t genyen. Yo te wè ke te gen yon bagay nan Li, paske li te di: “Rabi, nou konnen ke Ou . . .” “Noumenm,” ya, yo pa t ap konfese sa, paske yo t ap mete yo deyò. Ou wè? “Nou konnen Ou se yon Doktè ki vin de Bondye, paske pèsonn pa ka fè bagay sa yo W ap fè yo si Bondye pa avè l. Nou konn sa!” O, la la! Òganizasyon!

<sup>63</sup> Kounye a, nou remake ke Jezi se te yon manifestasyon Bondye. Bon, “Pèsonn pa ka fè bagay sa yo si Bondye pa avè l.” Yo te konnen ke te gen yon bagay diferan nan Nonm sa. Li te Limyè pou jou sa. Li te Temwen Bondye.

<sup>64</sup> Se konsa Kore te wè menm bagay la nan Moyiz. Yo pa t gen yon nonm tankou Moyiz nan jou sa a. Li te temwen Bondye Tout bon, nan jou sa a, sou pwisans Bondye. Kore ak gwoup li a te wè sa nan Moyiz. Yo te konprann ke sa pa t ka Moyiz; Moyiz pa t ka louvri Lanmè Wouj la, Moyiz pa t ka voye fleyo sou tè a. Se te Bondye nan Moyiz, epi, paske Bondye te reprezante Tèt Li nan yon temwen oswa yon limyè lajounen, yo te echwe pou wè L. Kore te vle fòme tout yon gwoup moun, ki vini ak tout bagay.

<sup>65</sup> Se a sa ke òganizasyon sèvi, rasanble tout tandans ki genyen, epi rele sa “Krisyanis.” Voye yon ti gason lekòl ki pa konn plis sou Bondye ke yon Abitan ta konnen sou yon pyès klasik Ejipsyen, voye l laba pou ba l yon edikasyon epi aprann li sikoloji, epi ba li yon Doktora. an Filozofi., ak yon diplòm doktora oswa yon bak nan zafè atis, oswa yon bagay konsa. Epi voye l al preche Levanjil, san l pa t janm menm sove, ki pral nye nesans ak tout vijinite a epi rezirèksyon an, nye gerizon Divin, nye Pwisans Bondye a, nye menm prensip ke Jezi te mouri pou yo, nye Mak 16 kòm yon bagay ki enspire, nye “siy sa yo va swiv sa yo ki

kwè” alòske Jezi te di Pawòl yo Limenm, nye Ak 2:38, nye tout rès Ekriti yo ki enspire. Epi ap eseye pran tradisyon lòm ke yo pa konn anyen sou sa, pou ap ensiste sou li. E lè w di yo Laverite epi montre yo Laverite, yo wont aji, poutèt òganizasyon yo.

<sup>66</sup> Kore te fè menm bagay la. Li te wè Bondye nan Moyiz. Li te wè ke se te Mwayen Bondye ki t ap travay nan li. E Nikodèm te wè Bondye nan Kris: “Pèsonn pa ka fè bagay sa yo si Bondye pa avè l.” Nikodèm te deja nan òganizasyon an, ap eseye soti. Kore te deyò, ap eseye fè moun antre. Se te diferans lan. Nikodèm t ap eseye jwenn sali, pou soti nan bagay la; li te ladan l depi l te yon ti gason, li te bouke avè l. Li te vle sove. Men Kore t ap eseye fè poutèt pa l yon—yon plas kote l te ka yon gwo chabrak.

<sup>67</sup> Se konsa sa ye ak moun jodi yo. Sa se pwoblèm ak Kreyente a, nou tèlman gen fo imitasyon. E moun Pannkotis nou yo, ekskize ekspresyon an, pa bon menm ak sa, konparezon chanèl! Kite Bondye sisite yon nonm epi ba l yon bagay, tout moun nan peyi a va eseye imite moun sa. Èske w pa reyalize w ap touye pwòp ekip ou? Lè w ap jwe foutbòl. . . “Epi gras la,” jan Pòl ta di l la, “annou kouri nan kous sa ak pasyans.” Nonm ki gen balon an, pa pran l nan men l, eseye pwoteje l. Men olye de sa, paske li pa fè pati de òganizasyon w lan, w ap eseye retire l nan men l. Yon nonm ki tèlman maladwa, li pa t kapab, li t ap bite sou flè ki sou tapi yo, e apres a ap eseye retire Sa nan men w. Se vre. Bon, mwen vle di, espiritiyèlman palan. Eskize mwen, mwen. . . Ebyen, l ap bite sou yon ti bagay tankou Ak 2:38, se sèten l ap tonbe. Si jamè l bite sou Mak 16, kijan l ap fè rive? Ou wè? Hmm. Leson menm ki pi enpòtan pou Kris la. E menm bagay la te diskite nan Konsèy Nise a, yo toujou ap bite sou li apre tout ane sa yo.

<sup>68</sup> Ap eseye, Kore t ap eseye fè yon òganizasyon, pou l te antre ladan l. Epi Nikodèm te ladan l, t ap eseye soti ladan l. Yo te aksepté Nikodèm, e li te soti. Kore te peri ladan l, nan efò pa l, li te peri nan pwòp efò pa l. O, la la!

<sup>69</sup> Òganizasyon Nikodèm te ladan l lan te konnen ke Bondye te voye Kris la, yo te di sa. Nikodèm, nan chapit 3 la, te konfese l: “Rabi, nou konnen Ou se yon Anseyan ke Bondye voye, Paske pèsonn pa ka fè mirak sa yo ou fè yo si Bondye pa avè l.” Epi menm gwoup la, poutèt òganizasyon yo, te rele L “Bèlzeboul,” poutèt pouvwa Li genyen pou chase demon, epi te di: “Li sedui pèp nou an ak Doktrin Li an.” Se menm bagay la jodi a. Ap sedui kisa?

<sup>70</sup> Jezi di: “Mwen sèlman fè sa k fè Papa a plezi, Mwen sèlman kenbe Pawòl Bondye a,” paske Li te Pawòl la. Li pa t ka fè anyen lòt ke Pawòl la.

<sup>71</sup> Men, poutèt òganizasyon yo, poutèt fason pa yo, yo te gen dèzòm ki te mare. Nan kè yo yo te konn sa, men òganizasyon yo pa t ap kite yo kenbe sa. Alò, pou kreye yon mwayen pou chape, pou anpeche moun yo kite òganizasyon an (“tout moun ap mache

dèyè Li”), pou anpeche moun yo kite òganizasyon an pou ap swiv Verite Bondye (Verite ke Limenm te ye “Mwen se Laverite, Limyè a”), pou anpeche yo swiv Sa, yo te di ke L t ap twonpe moun yo. Panse a sa! Yon nonm, ki te konnen nan kè l ke Li te Bondye, ke Bondye te nan Li (“pèsonn pa ka di, oswa fè bagay sa yo, sòf si Bondye avèk li”), konsyan de sa pou ap di epi konfese sa, epi apres a vire tounen pou ap rele L “Bèlzeboul, epi yon sediktè pou moun yo,” moun pa yo, “ak Doktrin Li.” O, la la!

<sup>72</sup> Nikodèm te konnen Li te yon Pwofèt. Kounye a, se te yon moun nan òganizasyon ki te renmen Bondye ase epi ki te gen ase krentif pou Bondye, e ki te rekonèt ak Ansyen Testaman an ke Nonm sa te gen kalifikasyon yo e sa te pwouve epi konfime, li te yon Pwofèt ke Bondye te voye. Nonm sa, m ap onore l menmsi l te vin lannwit, li te rive la. Li pi bon pase anpil nan anseyan nou yo jodi a, yo pap vini ditou. Nikodèm te rive finalman. Alò, pa kondane l, si w poko rive. Nikodèm te konnen ke Li te yon Pwofèt, kifè li te gen krentif pou Bondye. Li pa t ap kite Nonm sa ale lwen li, Limyè pou jou sa. Kèlkeswa jan Sa te kontrè, kèlkeswa jan òganizasyon l te di ke Sa te kontrè, li te wè Bondye ap konfime Nonm sa e li te konnen Li te yon Pwofèt. E si L te yon Pwofèt, Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt la, e Li te konn de kisa L t ap pale. Ou wè? Kifè li t al jwenn Jezi, li te vle konnen kijan pou l te jwenn sali. Si Nonm sa te yon Pwofèt, Pawòl Bondye a te avè L, e Li t ap konnen chemen sali a.

<sup>73</sup> Men sa Nikodèm te dwe aprann se sa anpil moun jodi a, nan denominasyon jodi a, dwe aprann. Sa Nikodèm te dwe konnen, se sa moun jodi a ta dwe konnen, konsènan denominasyon sa yo. Li te plis ke yon Pwofèt. Li te vin jwenn Li pou dekouvri, pou L endike l ki chemen ki mennen nan Lavi a, e Jezi Limenm te Lavi. Sila ki gen Pitit la gen Lavi. Kifè li pa t, li pa t dwe vini pou ap eseye aprann yon ansèyman, li dwe vin aksepte Moun lan. Se sa li ye aswè a! Yo rejte Pyè Angilè a ankò. Kisa Pyè Angilè a ye? Se Pawòl la, natirèlman. Kris, Li se Pawòl la.

<sup>74</sup> Li te dwe aprann yon bagay. Li te panse: “Ebyen, kounye a, Nonm sa se yon Pwofèt, Li se kareman yon Pwofèt.”

<sup>75</sup> Kifè, èske w remake, Jezi pa t janm reponn kesyon l lan, Li te jis korije parapò a avègleman l lan. Plis ke yon Pwofèt, Li te Pawòl la ak Limyè klere Pawòl la! Li te Bondye k ap briye atravè yon enstriman, ap pwouve ke se te Bondye nan Nonm lan. Li te Pawòl la. Premye Jan, chapit 1 . . . Sen Jan, chapit 1 an, pito, di: “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè, e Li te abite pami nou.” Epi men Pawòl Bondye ki t ap klere nan ti kò frajil Nonm sa a, e Sa te avegle òganizasyon yo. Men, Li te vini pou l al chache endividi. Plis pase yon Pwofèt, Li te Pawòl la! Li se Lavi. Non . . . Li pa t bezwen anseye w sou okenn Lavi ki gen pou vini, Limenm te Lavi sa a! Li te Lavi a. Li te Limyè. Li te Lavi. Li te Lavi Etènèl, ki te nan Li, e se Limenm sèl ki bay Lavi Etènèl. “Sila ki gen Pitit

la gen Lavi.” Kifè ou gen . . . ou pa ka jis gen ansèyman Pawòl la sou Li, ou dwe genyen L.

<sup>76</sup> Ou di: “O, moun yo chita pou aprann Bib sa ak tout mo Grèk yo, epi kisa definisyon yo ye, ak ponktyasyon yo, e latrkiye.” Epi yo pa konn plis sou Bondye pase anyen! Ou wè? Non! Sila ki gen—limenm ki gen fòm lan—lan—lan, limenm ki gen plan an? Se sila ki gen Pitit la, ki genyen L, Moun lan. Li se Sila ki gen Lavi a.

<sup>77</sup> Nikodèm te konnen ke L te gen konesans sou Lavi, men li pa t janm konnen ke Li te Lavi Etènèl. Se sa, Nonm li t ap pale avè l la ye, Mesaje a, Limyè pou jodi a, Limyè mond lan. “Limyè a briye nan tenèb, e tenèb la pa t konprann Sa. Yo te voye l kote Pwòp pa L yo e Pwòp moun pa L yo pa t resevwa L.” Poukisa? Poukisa? Paske yo te tèlman òganize, byen tabli nan netwaye chodyè ak kaswòl, ak tradisyon, ke yo te echwe pou wè Pawòl la ap fè l chè.

<sup>78</sup> Sa repete. Sa repete ankò. Istwa repete tèt li detanzantan. Wi, li te konnen ke L te genyen—Li te gen konesans sou Lavi, men Nikodèm pa t konnen ke se Limenm ki te Lavi a. Se sa sa ye jodi a. Tèlman anpil moun ap eseye fè Jezi, oo, yon gran Anseyan, yo menm eseye di Li te yon Pwofèt. Men lè w ap eseye di Li te Bondye, sa twòp. Ou wè? Men Li te Bondye, e Li se Bondye, e L ap toujou Bondye. Se tou. Se vre.

<sup>79</sup> Remake, Li pa t janm di Nikodèm, kounye a, lè l te vin kote L, Li pa t janm di: “Kounye a, Nikodèm, M gen gwo respè pou ou, paske ou se yon—yon—yon mèt an Izrayèl. M ap di w yon bagay, w ap chache Lavi Etènèl, petèt ou ta dwe amelyore etid ou yo. Ou pa pwononse mo w yo kòrèkteman.” Ridikil. Oswa, “Petèt ou ta dwe chache yon pòs pi wo nan denominasyon w lan, pou gen Lavi Etènèl.”

<sup>80</sup> Se sa anpil moun te eseye fè jodi a, en-hen, yon pi gwo pozisyon, yo vle pase de—de pastè a yon presbitè leta, oswa—oswa a yon evèk oswa yon bagay konsa. Sa pa gen anyen pou wè ak Bondye ditou.

<sup>81</sup> Gade sa L te fè devan yon tèl moun. Li te reprimande l poutèt li pa t konn tan li t ap viv la, “Ou vle di Mwen ke ou se yon mèt an Izrayèl e ou pa ka konprann bagay sa yo, lè,” Li te di, “yon nonm dwe ne de nouvo?”

<sup>82</sup> “Poukisa,” li te mande, “mwenmenm yon vye granmoun, pou m antre nan vant manman m?”

<sup>83</sup> Li di: “E ou se yon evèk, yon kadinal, yon presbitè leta nan legliz Pannkotis,” oswa yon lòt moun, “yon gwo zafè nan òganizasyon an, e ou pa konn Lekriti?”

“O, nou gen Moyiz.”

<sup>84</sup> “Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M tou, paske te sila ki te pale de Mwen an.” Ou wè? Men pa dapre tradisyon yo, òganizasyon yo—yo, sa te diferan. Men Moyiz te pale de Li, e Li

te Sila ke Moyiz t ap pale a, e poutan yo pa t konn sa. Poukisa? Yo te tèlman mare tèt yo ak tradisyon, yo pa t konn sa.

<sup>85</sup> E frè m yo k ap li, k ap tandè bann kasèt sa a, piga w fèmen l kounye a. Jis yon minit, ann byen gade bagay sa an fas. Mwen renmen w, ou se yon bèje. E mwen p ap eseye vin yon moun ki konn tout bagay. Si m bay enpresyon sa, alò rete bann kasèt la epi priye pou mwen. M ap sèlman eseye mennen yon bagay ki Vre pou ou. Pa kite sa chape w.

<sup>86</sup> Bon, m gen respekte pou lòd lòm, e latrize, men lè w rann òganizasyon sa yo . . . Gade Farizyen yo, yo pa t ap vle gen anyen pou wè ak Sadiseyen yo, paske Sadiseyen yo pa t kwè nan—nan ni zanj oswa—oswa espri, oswa rezirèksyon, oswa anyen, e Farizyen yo te kwè nan toulède, e yo te an gè youn ak lòt. Kounye a Inité yo kwè yon bagay, Trinite yo kwè yon lòt, epi Metodis yo yon lòt bagay, epi Presbiteryen an yon lòt bagay, e nou trase ti liy. E kisa nou genyen? Yon separasyon nan fratènité. An pasan, nou pral jwenn plas sa nan Bib la nan yon ti moman, kisa sa ye, e kisa Bondye di li ye.

<sup>87</sup> Bon, non, Li pa t janm mande l pou l te rafine. Li te jis ap reprimande l poutèt li pa t konn vrè bagay la. “Ou se yon mèt an Izrayèl, e ou pa konn bagay sa yo? Si m ap di nou bagay ki sou tè a, e nou pa ka konprann li . . .” Reflechi! “Yon mèt, youn ki atenn yon ran elve nan legliz Otodòks, evèk, kadinal, e ou pa ka menm konprann bagay natirèl pou ti bebe ke M ap di nou yo, kijan nou pral konprann bagay espirityèl ki sot nan Syèl yo?”

<sup>88</sup> Men yon vye pechè inyoran ki pa t ka menm ekri pwòp non l, te konprann Sa, ou wè, e yo te vin chèf legliz Jerizalèm, Pyè. Ou wè? Oo, “Tout sa Papa a ban Mwen, l ap vini.” Ou wè? Yo sezi L. Yo kwè L. Yo aji dapre Li, konsyan ke anyen pa pral rete yo.

<sup>89</sup> Menm jan ak kiltivatè a. Li pa apwopriye pou ap bay blag, men pou montre yon pwen. Yo di ke yon kiltivatè t ap pran swen yon poul, e li pa t gen ase ze, li te mete yon ze kanna anba l. Lè ti kanna a te kale, li te bagay ki pi dwòl poul yo te janm wè. Li te gen yon figi long komik, epi li te konn fè kwenkwen olye pou l ap fè kòt kòt, epi—epi tout poul yo t ap manje epi beke nan lakou a. Se pa t egzaktaman rejim alimantè li. Kifè yon jòu vye poul la te mennen l dèyè etab la, pou pran kèk krikèt, epi lòtbò ti mòn lan te gen yon—yon lak. E sa bay ke van an t ap soufle sou lak la, e li te pran sant dlo a. Se jis nati li. Vye poul la di: “Kòt, kòt, kòt, kòt, retounen!”

<sup>90</sup> Li te reponn, “Kwen, kwen, kwen,” tou dwat nan dlo a. Poukisa? Li te yon kanna, pou kòmanse. Kèlkeswa kantite fwa poul la te fè kòt kòt kòt, li te toujou yon kanna.

<sup>91</sup> E se konsa sa ye pou yon nonm ki predestine pou Lavi Etènèl. Lè l wè Limyè Bondye a, pa gen ase òganizasyon nan mond lan k ap fè kòt kòt kòt ki ap fè l tounen ladan l. Non. Poukisa? Se nati li. Li te ka fè yon rejim avèk yo pandan lontan, pou ap manje

fatra yo a ak bagay sosyal, men li rive nan yon pwen kote li te jwenn yon bagay diferan, kidonk li konn sa. “Brebi m yo konnen vwa M,” Jezi te di, “yo p ap swiv yon etranje.” Yo ka ap swiv yon bagay etranj, men byen fon anndan yo gen yon bagay diferan. Kite yo tandè Laverite yon fwa, epi obsève yo. “Tout sa Papa a ban Mwen ap vini.”

<sup>92</sup> Wi, Li te reprimande l poutèt li pa t okouran. “Ou se yon mèt an Izrayèl, e ou pa konn bagay sa yo? Ou dwe ne de nouvo!” Kounye a, nonm natirèl la, mwen vle . . . ou remake yon bagay la, “Ou dwe ne de nouvo.”

<sup>93</sup> Kounye a, lavi natirèl, si nou gen lavi natirèl, pou nou ka aktif nan vi natirèl sa a, nan bagay natirèl, nou dwe gen yon nesans natirèl. Yo pa t jis rale w soti nan yon pyebwa yon kote, ou wè, yo mete w deyò yon jan kanmenm. Yo te eseye sa, men sa pa t mache. Li dwe yon nesans reyèl, nesans natirèl, pou rann ou aktif pou w ka gen senk sans yo, mache, pale, wè, goute, santi, pran sant, tandè, bouje, elatriye, paske lè sa ou se yon èt imen, epi ou—ou sijè a tout bagay sa yo paske yo antre nan vi natirèl la.

<sup>94</sup> Epi, nan yon nesans konsa, pafwa nou vin trè saj nan sajès mond lan oswa zafè lemonn, pou vin Prezidan e—e gwo save, epi mèt lan mekanik epi syantifik, e latriye. E nou toujou konnen, depi nan kòmansman menm, se te pitit Kayen yo ki te gen kalite sajès sa; pa timoun Sèt yo, yo te gadò mouton ki te enb. E, pitit Sèt yo te moun ki tankou bondye. Men pitit Kayen yo te toujou entèlijan, nan ran elve, syantifik, doktè ak gwo chabrak. Se vre. Bib la di sa, ou konnen, Sa anseye sa. Epi yo te trè relijye, men yo te peri alafen. Nou vin saj nan ale lekòl, benefisyè bousdetid, e latriye, nou vin trè saj, entèlijan, epi ka fè e di dè bagay, epi pafwa pale pi byen pase yon nonm ki ranpli ak Lespri. Èske Jezi pa t di: “Timoun lemonn yo pi saj pase timoun Wayòm lan”? Wi, paske yo, grasa entèlijans yo yo ka—ka pale, pi entelijan, epi pale pi byen, pou pran Lèzekriti epi tòde L pou fè L di bagay ke Li pa t di.

<sup>95</sup> “O, Sa pa vle di egzaktèman sa.” Lè yon nonm di sa, alwaye w de li. Bondye ap veye Pawòl Li, ou konnen, Bib la te di. Li te ekri fason L te dwe a. Ou wè? Kounye a, Sa te aranje nan yon tèl fason pou sedui, osinon pou fè saj yo bite sou Li. Se tèlman senp, se pou rezon sa yo bite sou Li. Ou wè? Trè byen.

<sup>96</sup> Tout sajès sa a ak bagay yo ka akimile, malgretou, men se apati de . . . nesans sa a soti anba tè sa a. Li vin apati de tè a, e li kont Lespri Bondye. Premye nesans lan, pou rann nou aktif isit a, fè nou vin moun mòtèl, poutèt zak peche nan jaden an, ki te fè lòm vin nan mond lan pa yon fanm. E yon nonm ki ne de yon fanm se pou kèlke jou, men yon nonm ki ne de Kris se pou Letènite. Jòb te di, “Yon nonm ki ne de yon fanm se pou kèlke jou ranpli ak pwoblèm.” Remake, men yon nonm ki ne de Kris,

dwe ne apati de Anwo. Kounye a, men yon nonm ki fèt sou tè a, vin saj e li ka prèske pi entelijan.

<sup>97</sup> Gade jan dyab la te malen, li te twonpe chak prèt ki vin sou tè a. Li te fè sa vre. Li te twonpe moun, li toujou ap fè sa. Wi, sèten li te fè l. Li te entelijan, men li te rankontre ak mèt ke l, yon jou, Ki te bat li. E sèl bagay nou dwe fè se jis apiye sou Li, Li deja bat li. Ou wè?

<sup>98</sup> Men, se pa anba, epi se limenm, sajès sa a ke lòm ap akimile pou pwouve epi montre tout bagay sa yo Poukisa lòm ta dwe fè *sesi* epi lòm ta dwe fè *sela*, se lekontre epi se inimitye (lespri chanèl la) kont Bondye. Lekriti di sa. Dakò. Kèlkeswa jan yo entelijan, yo ka tòde l. Mwen vle yon moun montre m kote Bondye te janm gen yon òganizasyon oswa te janm òdone youn, men sa kondane l isit la nan Bib la. Kèlkeswa jan yo ka eseye vin entelijan, sa kontrè! Ala kanpe sajès la ka kanpe pou rezon depase avè w, pou fè w santi w *tèlman* piti nan ap di w sou sa, men sa kontrè ak Lèzekriti.

<sup>99</sup> Yon moun te di m: “Frè Branham, gen yon sèl bagay mwen genyen kont ou.” Te di: “Ou se yon Jezi Sèl.”

Mwen reponn: “Non. Mwen pa fè pati ankenn òganizasyon.”

<sup>100</sup> Yon presbitè nan yon sèten eta te voye, lòt jou, pou di, “Yon moun te di m ou se yon Jezi Sèl, Frè Branham.”

Mwen te di: “Pa ditou. Sa fo.”

<sup>101</sup> Li di: “Yo te di m ke w kwè nan libètinaj lanmou, ke mesye yo ta dwe kite madanm yo pou al fè lachas. . .” Bon, ou wè, sa se jis manti dyab la. Ou konn sa.

<sup>102</sup> M te di: “Mwen absoliman kont bagay sa yo ki pa selon lèzekriti! Mwen kwè nan sentete ak pite. Mwen kwè yon nonm lye ak madanm li toutotan li vivan.” Ou pa ta dwe chwazi l san w pa priye dabò.

<sup>103</sup> E Jezi Sèl, gwoup Jezi Sèl la, m pa gen anyen kont yo, yo jis osi bon ke nenpòt gwoup, pou mwen. Men yo batize movèz fason an, yo batize pou rejenerasyon. Mwen kwè ke nou rejenerere pa Sentespri a, pa ak dlo. Mwen itilize Non Jezikri nan batèm, e pa gen yon lòt Èkriti nan Bib la ki apiye. . . pou rann li kontrè. Pa t gen pèsonn nan Bib la ki te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Mwen vle yon moun vin montre m yon sèl kote yon moun te batize konsa. Alò, si sa pa selon lèzekriti, sispann fè l!

Ou di: “Sa pa fè okenn diferans.”

<sup>104</sup> Se sa menm Pòl te fè. Li te bay lòd pou yo batize yo ankò, nan non Jezikri, epi apresya resevwa Sentespri a. Epi Pòl di: “Si yon anj ki sot nan Syèl,” Galat 1:8, “vini, anseye nenpòt lòt levanjil,” pase sa li te anseye a, “ke l modi.”

<sup>105</sup> Ou wè, se tradisyon. Mwen te pale ak yon grantòm sa pa fè lontan. Te di: “Frè Branham, m pa kapab. Mwen konnen Se vre,” li di, “men kisa m ka fè sou Sa?”

Mwen di: “Obeyi Li!”

Li di: “Ebyen, mwen—mwen gen yon prestij pami pèp nou an.”

<sup>106</sup> Mwen te di: “Men mwen vle gen prestij devan Bondye, kidonk obeyi Pawòl Li. Ou dwe fè chwa w, èske w ap sèvi Bondye oswa lòm?”

<sup>107</sup> Men yo gen òganizasyon yo, ki mete deklarasyon sa yo anndan yo, pou ap swiv nèt ale. Premye fwa sa te janm itilize se te nan legliz Katolik Women. Se vre. Mwen vle yon moun montre m yon bagay diferan. Mwen li listwa, tou, ou konnen. Kifè sonje, sa se yon batèm Katolik, e tout moun ki batize fason sa batize dapre fratènite Katolik. M ap pwouve l anvan nwit lan fini, si Seyè a vle. Se vre. Se pou rezon sa ou oblije retounen.

<sup>108</sup> Se pa Jezi Sèl. Bon, gen anpil bon moun nan legliz Jezi Sèl la. Anpil bon moun nan Asanble de Dye yo, Legliz de Dye yo, Metodis, Batis, Presbiteryen, ak Katolik. Men, pa gen youn nan yo ki se Legliz la, pa gen youn nan yo. Gen endividi anndan la ki fè pati de Legliz la. Men se pa denominasyon yo a ki fè yo vin Legliz la, jan lèzòm ap eseye fè l fason sa. Sa fo. Jis nan yon ti moman nou pral ba w kèk pasaj Ekriti nan yon ti moman.

<sup>109</sup> Wi, pou w aktif sou tè a, ou oblije ne natirèlman pou w ka aktif, epi yon tèl nesans rann nou saj jan m te di a. Ou wè? Epi nou vin briyan, avèk entèlijans, lespri nou bannou sa. Men sonje ke nesans sa, nan kòmansman l menm, li kontrè. Se yon bagay terès epi li kontrè a Pawòl Bondye a, yon foli pou Bondye ak plan Li, inyoran pou plan Bondye a. Si se pa t sa, Nikodèm t ap konnen plis pase Jezi te konnen sou Sa. Ou wè? “Èske w se yon mèt an Izrayèl?” Ou wè? Ou wè ki kote denominasyon w yo prale, ki kote gwo mesye entèlijan w lan ki ap rankontre ansanm pou fè plan yo, epi tabli?

<sup>110</sup> Kite m di w sa. Chak fwa Bondye voye yon Limyè sou tè a, sou yon bagay sou Ekriti a, yo pati tèt bese avè l. E osito ke nonm sa al fè wout li, yo fè yon òganizasyon avèk li. Epi osito yo òganize l, mwen vle mande nenpòt istoryen (ki prezan kounye a, oubyen k ap tandè bann kasèt yo) vin montre m. A nenpòt ki moman nonm sa a te janm òganize yon legliz, sa te mouri la menm pou l pa t janm resisite ankò. Se kontrè ak Bondye. Se kontrè avèk Lèzekriti. Se poutèt sa mwen kont li. Nenpòt bagay ke Bondye kont, si Bondye nan mwen, alò mwen kont sa Bondye kont. Lènmi li se lènmi m. Legliz li se Legliz mwen. Vi Li se Vi m. Li te bay Lavi Li, Li te vin mwenmenm pou ke ak gras Li m te ka vin tankou L. Ou wè? Nou te chanje pozisyon. Li te vin yon pechè tankou m epi te mouri pou mwen, nan plas mwen, pou m te ka vin yon pitit gason Bondye tankou L te ye a.

<sup>111</sup> Kounye a nou wè ki kote denominasyon nou yo deja rive? (Nou poko kòmanse.) Saj nan sajès monn lan men mouri dapre plan Bondye a! Kounye a ann gade dèyè, rete la jis yon moman.

<sup>112</sup> Adan te kontrè ak plan Bondye a, paske li te dezobeyi Pawòl la. Li te eseye fabrike yon kouvèti pou tèt li, yon relijyon. Li te echwe, e sa ap toujou echwe, sa lòm ap eseye fè. Nimwòd te gen tò. Kore te peri. Kisa yo t ap eseye fè? Fabrike yon òganizasyon.

<sup>113</sup> E apres, lè yo te finalman òganize tèt yo, Jezi te jwenn yo, mouri! Te di: “Ou gen je e ou pa ka wè. Ou gen zòrèy e ou pa ka tande.” Ou wè? Te di: “Ou se avèg, k ap kondui avèg. Si avèg la ap kondwi avèg, èske yo toude pap tonbe nan twou a?” Li di: “Ou se yon mèt an Izrayèl, e ou pa ka menm konprann kisa nou vèl nesans lan ye? Tandiske, si w te rete lwen tradisyon yo, pou kenbe Pawòl la, ou t ap konnen ke M t ap vini pou bay lèzòm nou vèl nesans. Ou t ap konnen jou pa M lan. Si w te konn Moyiz, ou t ap konnen M. Moyiz te pale de Mwen e li te di Mwen t ap vini, e men Mwen! E si M pa fè bagay ke Moyiz ak pwofèt yo te di M t ap fè yo, alò pa kwè M. Si M pa fè zèv Bondye yo, alò pa kwè M. Men si w pa ka kwè M, antanke Òm, e si w pa ka kwè M paske M se yon Nonm k ap fè zèv Bondye yo, kwè zèv yo paske yo temwaye de bagay ke M ap fè a.” Ou wè?

<sup>114</sup> Men alò, tankou jodi a, si L te viv sou tè a jodi a, Asanble de Dye yo t ap youn, Initè yo t ap youn, e tout moun t ap gen yon Jezi. Se sèten, denominasyon yo dwe gen boul la. Ou wè? Si sa p ap mache, alò yo pa la. Sa divize frè yo.

<sup>115</sup> Mwen sonje yon ti gason ki te rele “Ti David.” Li se yon nonm, marye kounye a, mwen sipoze li fòme yon fanmi. Mwen sonje lè l te fèk kòmanse. Mwen t ale St. Louis. Mwen te tande pale de ti gason predikatè, ki te konn monte la pou di, “Jezi, yon ti gason, ki te fèt nan yon krèch. Manmi, kisa rès la ye?” Men pa ti gason sa a. Li te konn lanse manto l, chwazi yon tèks e li te konn preche. Men, kisa sa te ye? Sa bay li te yon Jezi Sèl. Papa l, Mesye. Walker, te fè pati de gwoup Jezi Sèl. Enben, moun Asanble yo pa t ka sipòte sa. Yo te dwe gen yon ti David. Enben, rès lòt yo te oblije yo gen yon ti David. Epi yon fwa alòske ti gason an t ap òganize yon reyinyon an Florid, li te rele m pou m te vin ede l. E Frè Moore avèk mwen te li de paj premye pati jounal la, ak anyen lòt apa ti David yo, chak legliz te gen yon ti David. O, mizerikòd! Ebyen, si yon pakèt ansyen moun Bondye yo te rekonèt don an nan ti kanmarad sa, li t ap fè antre dè milye nanm nan Wayòm lan, ou wè; Di l pou l bliye tradisyon l sou lòm ak bagay konsa. Bondye te plase yon don nan vi l, itilize l!

<sup>116</sup> Lè gerizon Divin te reprezante pou premye fwa, tout moun te gen yon sansasyon nan men yo epi yo te ka pran sant maladi. Epi, o, la la! Poukisa? Yo te dwe fè l, òganizasyon pa yo te dèyè nan kous la. Ou wè, nou mete òganizasyon nou yo devan plan Bondye, nou panse ke se sa. Men Bondye gen Legliz Li k ap kontinye jis menm jan an, yon Kò mistik. Ou pa rantre nan Sa, ou fèt ladan L.

<sup>117</sup> Saj nan sajès mond lan, men mouri dapre plan Bondye. Alò,

di mwen. Di mwen, alò. Ou ka di yo epi pwouve yo ke yo gen tò, ak Pawòl Bondye ak pwomès, e malgretou yo pa p wè l. Mwen ka chita senpleman epi pran Pawòl la pou montre w ke denominasyon fo. Mwen ka montre w ke kredo w genyen jodi a se fo, ou wè, kredo legliz sa yo. Montre li fo, epi yo va di: “Ebyen, yo te anseye nou pou nou kwè *sesi*.” Nou wè, dapre opinyon pa m, se—se manje bèt, si nou konn de kisa m ap pale, chè pou kanon. Wi, se vre. Yo pa ka wè. Jezi di: “Oumenm, ou—ou pa ka wè, pou w ka vin jwenn Mwen epi gen Lavi.”

<sup>118</sup> Te gen Nikodèm, yon nonm onorab, yon grantòm, yon evèk nan legliz li, yon nonm ak repitasyon, tout moun te renmen l, e ki te vin jwenn Jezi epi pa t konn plis sou Lavi pase—pase anyen. Li te inyore tout bagay de Sa lè Jezi te korije l poutèt sa, men li te ase sensè pou l vini. Rès yo pa t menm vle vini. Yo te kanpe ak gran prèt yo epi ak Evèk *Entèl entèl* ak *Entèl entèl*. Ou wè? Yo te pran pozisyon avèk yo, te pito pran tradisyon ansyen yo ke tande Pawòl Bondye a.

<sup>119</sup> Kounye a, ou ka di yo, yo p ap tande sa. Ou ka jis egzaktman. . . Èske w ka imajine. . . Mwen vle mande w yon bagay. Mwen pa vle pou sa sonnen sakrilèj. Kounye a, frè m yo k ap koute bann kasèt la, mwen pa vle pou sa sonnen sakrilèj. Èske w ka imajine mwenmenm k ap soti la, epi—epi yon ne nan pyebwa a ki te ka mande m, “Kouman nan mond sa ou fè mache tankou w fè l la? Mwen gen lavi, mwen se yon ne nan pyebwa sa”? Li ka pwouve ke l gen lavi, men se move kalite a. Si l vle mache, sèl fason li t ap janm mache, se avèk sans wè, sans goute, sans touche, pran odè ak sans tande, si l te ka pale pou di m epi mande sa, sèl fason an, li ta oblije fèt menm jan ke m fèt la. Amèn. Li p ap janm konprann sa nenpòt lòt fason an. Men si l fèt menm jan ke m te fèt la, lè sa l ap konn bagay mwen konnen yo. Amèn. O, la la! Wi, mesye. Ou pa ka di yon ne sou pye bwa a kijan nou deplase pou vin aktif, li ta dwe resevwa jan de vi nou an pou konprann sa. Menm jan avèk Lespri! Menm bagay la avèk Lespri, oswa osinon ou pa ka konprann Sa. Pa gen okenn nesosite pou eseye byen konprann Sa, se jis vin jwenn Li an premye. Paske, “Si yon nonm pa ne de nouvo, li pa ka menm wè Wayòm lan,” Li te di l, ki vle di, “konprann Sa.” Ou dwe ne de nouvo pou w ka konnen L.

<sup>120</sup> “Ebyen,” ou di: “Mwen ne de nouvo.” Epi ou nye Pawòl la? Kijan w ka fè sa? Pwòp vi w ba w konfimasyon sou sa, pwòp gwoup ou fè pati a, zwazo ki gen menm plim. Ou wè? Tann jiskaske nou rive sou bagay sa yo nan kèk minit, ou wè.

<sup>121</sup> Vini pa Lespri. Kijan w ka fè di moun yo bagay Espri yo ki pa ne de Lespri? Ou dwe ne de Lespri pou w konprann bagay Espri yo. An. . . Jezi di: “Van an ap soufle kote l vle, ou pa ka di nan ki direksyon l soti oswa kote l prale.” Ou wè? Se konsa tout moun ki ne de Lespri, yo pa ka di w. Yon nonm ki ne de Lespri pa gen okenn panse, li kite Bondye panse.

122 Èske w panse mwen ta ka kanpe sou estrad la la, sezi yon panse pou di yon nonm dèyè a la, “Non li se *John Doe* e li soti tèl tèl kote, li te fè *sesi*. E li te marye ak yon lòt fanm laba a, ventan de sa, e li te gen pitit ak fanm sa. Li dwe retounen bagay *sa a*, epi fè *sela*,” èske w kwè, ak sezi panse, m te ka fè sa? Pa gen yon tèl sajes nan nesans sa la sou latè pou sa. Sa depase sa. Sa dwe soti Anwo. Alò lè w ne de Lespri, Anwo a, Vi ki te nan Sila Ki te fè bagay sa yo, di: “Zèw ke Mwen fè yo, nou va fè yo tou.”

123 Nesans ou dwe chanje. Ou te sedui. Ou te ka pale an lang, ou te ka sote ponpe, ou te ka rele, ou te ka fè tout *sesi*, *sela*, se *lòtbò*, ou te ka yon—yon manm fidèl. Se te menm jan pou Nikodèm, ou wè, men li te manke nesans lan. E lè w nye Pawòl la, ap eseye mete L yon lòt kote pou fè yon bagay avè L, epi gaye L konsa, alò . . . Jezi di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la bay tout kreyati.” Toutotan Levanjil la ap preche, siy sa yo ap swiv. Di m ki kote Li te janm retire l nan legliz la. Montre m Ekriti a kote Li te di, te janm di: “Jis pou yon ti tan.” Li di: “Pou tout mond lan epi tout kreyati!”

124 Wi, ou ta dwe resevwa jan de Vi ke L te genyen an, pou w ka viv Lavi Li. E lè w wè Vi Li, alò w ap konnen Pawòl Li. Se vre. “Lè Li,” pwonon pèsonèl, pa yon panse, pa yon imajinasyon, pa yon sansasyon, men “lè Li, Sentespri a, va vini, Li va pran bagay sa yo ke m te di w yo, epi revele yo ba ou, epi va montre w bagay ki gen pou vini.” Se nesans lan. Se konfimasyon ke Sa se Pawòl la. E lè yon nonm di li gen Sentespri a, epi li renye Pawòl Bondye a pou mete L yon lòt kote, kijan Sentespri a ka fè renye Pwòp Pawòl Li? Kounye a montre m yon òganizasyon nan Pawòl la. Apa li. Ou wè? Trè byen.

125 Èske w ka panse a yon biznisman . . . Bon men a ki distans legliz nou an ye lwen dèyè. Èske w ta ka panse a yon biznismann ki te kòmanse yon biznis anba la, se yon . . . se vreman yon biznis k ap mache, e li te dwe jwenn kèk èd touswit, e li ta pral jwenn yon pakèt moun mouri, kadav, pou ap di, “Èske ou ta vle vin travay pou mwen?” Yo pa t ap itil li anyen.

126 Se pou rezon sa òganizasyon pa janm retounen ankò. Ou wè? Yon bann moun mouri enkredil k ap rasanble tèt yo ansanm tankou Nimwòd, tankou Kore, tankou tout aj yo. Kijan l ka . . . Li pa t janm itilize sa, pa t janm itilize yon òganizasyon. Li pa ka fè sa. Sa deja andeyò volonte Bondye, li depase sa. Sa depase limit, sa depase tout rechèch.

127 Kijan w te ka al jwenn yon nonm ki pa ka bouje, tèt, men ak pye paralize, di l ou vle l kouri yon kous apye pou ou, kouri kous sa ak pasyans, mete de kote . . . Ou wè? Kijan l ka fè l alòske nonm lan pa ka bouje, li paralize? Ou dwe delivre l de paralizi a, dabò, apres a l ap ka kouri.

128 Se sa òganizasyon bezwen, se gerizon Divin. O, la la! M espere ke m pap jwenn . . . sanble youn k ap fè kritik. Ou wè, mwen p ap

kritike, men si yon klou pa byen rantre l ap soti fasil. Ou wè? Se poutèt sa Sentespri a pa ka itilize yon denominasyon. Osito ke l . . .

<sup>129</sup> Sonje, mwen kwè ke Martin Luther te gen Sentespri. Absoliman. Petèt pa nan kantite Li ye jodi a, paske yo pa t ko distribye L. Nou te pase atravè sa, noumenm moun tabènak yo, isi a sou tablo a. Men li te kwè Bondye, “e sila ki kwè gen Lavi ki pap janm fini an.” M pa t janm panse te gen yon moun ki te kwè tankou m, jouk maten an, m te tandè Charles Fuller pandan m t ap desann. Li kwè, tou, ke nouvèl nesans lan se pa batèm Sentespri a. Nouvèl nesans lan ap rive. Sentespri a se batèm lan. Ou wè? Trè byen.

<sup>130</sup> Kounye a nou jwenn ke nonm sa a dwe ne de nouvo pou l ka aktif. Dakò, pou w ne de lachè, alò ou gen sa jès nan mond lan. E sa jès mond lan obeyi anseyan chanèl li a. Dakò. Se egzaktaman rezon ki fè moun ki pa gen nouvèl nesans lan, lè w di l Pawòl Bondye a, l ap obeyi a evèk pa li, presbitè pa yo oswa òganizasyon pa yo, olye de Pawòl Lavi a. Poukisa? Li pa konn anyen lòt ke sa. “Enben, ou konnen, yon jou mwen ka vin yon responsab presbitè.” Enben, Nikodèm te yon mèt. Sa te depase yon responsab presbitè, ki te depase yon—yon—yon pastè, ki te pi lwen lontan, ki te yon mèt an Izrayèl. Ou wè? Wi, e li te yon grantòm, li te fè pati de gwoup sa a e li pa t konn plis sou Bondye ke anyen. Ou wè? Tout sa l te konnen se te kèk istwa.

<sup>131</sup> Akwa bon yon Bondye istorik si L pa menm lan jodi a? Akwa bon Bondye Moyiz la si L pa menm Bondye a jodi a? Akwa bon yon Bondye ki ka sove yon nonm sou yon kwa ki pa ka sove youn ki nan menm kondisyon an jodi a? Jan m te toujou di: “Akwa bon pou bay zwazo kannari w la bon semans ak vitamin, pou fè l gen bon zèl ki fò ak bon plim, pou mete l nan yon kaj?” Mwen pa konprann sa. Eseye pale l de yon Bondye pwisan ak bagay konsa, epi fèmen l nan yon òganizasyon ki pa menm kwè nan yon bagay konsa. Ou wè? Tout bagay vide. Se poutèt rezon sa sa echwe, li mouri. Ou pa ka itilize l. Bondye pa t janm itilize l.

<sup>132</sup> Jis panse, Sentespri a pa t janm fè sa, a nenpòt ki lè a, itilize yon òganizasyon, okenn kote nan Lekriti oswa okenn kote nan listwa. Si nenpòt moun sou kasèt sa, oswa prezan, ka montre m kote Sentespri a te pran yon òganizasyon pou fè yon mouvman sou tè a, vin di m. Mwen vle w di m nan ki liv listwa li te soti. Ou konnen li pa nan Lekriti, kidonk mwen vle w montre m nan ki liv listwa li te soti. Bondye pa t janm itilize anyen konsa. Li itilize endividi, toujou.

<sup>133</sup> Dakò, pou yo ne de Lespri. Kounye a, pou l fèt nan lachè, e pou l gen sa jès mond lan, sa jès la va obeyi a pwofesè chanèl pa l. Ne ak Lespri se kwè epi obeyi a ansèyman Bib la, pa Sentespri a. E yon nonm ki ne de Lespri ap obeyi Pawòl Bondye a kèlkeswa sa nenpòt tradisyon di l. Se jis sa. Ou ne de nouvo, se poutèt sa

ou wè. Pou w fè pati de yon òganizasyon, mete tout espwa w nan sa. . .

134 Kounye a, mwen pa di moun nan òganizasyon pa ne de nouvo. Bon, m ap rive sou sa nan kèk minit, si Seyè a vle. Se sèten, yo ne de nouvo, men se endividi yo. Se pa òganizasyon an ki ne de nouvo; endividi ki la yo ne de nouvo. Men, òganizasyon an sèlman separe l de Bondye, se tout sa l fè: separasyon. Trè byen. Kèlkeswa chè a, denominasyon anseye lachè, sa toujou kontrè ak volonte Bondye.

135 *Ne de nouvo* vle di “nesans ki soti Anwo.” *De nouvo* vle di “ki sot Anwo.” Mwen sipoze nou konn sa, ou wè. *Ne de nouvo* vle di “pran nesans apati de Anwo.” Kounye a, ou pral wè, ou ka etidye l si w vle, nan leksik la. Ou wè, sa vle di “yon nesans ki soti Anwo.” Paske, ou te fèt *isi a*, kounye a pou w ne de nouvo ou dwe ne soti anwo *La*, pou w fèt yon lòt fwa. Alò Wayòm sa tèlman pi wo pase wayòm sila, tèlman gran pase wayòm sila, jouk wayòm sila vin yon foli pou Sa a, e Se yon foli pou sila.

136 Jan m konn di souvan an, mwenmenm ak madanm mwen isi a sa pa fè lontan nou t al fè pwovizyon, sa fè kèk mwa, e nou te wè yon fanm ki te gen yon jip sou li. E se bagay ki te pi etranj nou te janm wè depi lontan.

137 Ebyen, maten an, m pa di sa pou m sakrilèj, m te tande youn nan gwo òganizasyon ak repitasyon yo. Epi pitit fi m nan avè m t ap tande radyo pandan nou t al dedye yon legliz. E yo te chante yon kantik, yon jan de bagay kèlkonk pa *Entèl entèl*, kèk nan chante klasik sa yo ki sonnen pou mwen tankou fanm ki kenbe souf yo jouk figi yo vin ble, epi apres a yo panse ke sa se chante. Sa se ap pouse kri. Mwen renmen bon vye chan Pannkotis yo, ki sot drèt nan kè w. Ou pa t ap ka pwodui yon son nan yon bokit chabon, men kanmenm w ap chante, w ap pouse kri de jwa pou Seyè a. Mwen panse ke se sa ki espiyèl. Mwen renmen l. Men, kenbe souf ou jiskaske w vin ble nan figi w, epi fè silans e apres a rekòmanse, ki. . . Ou pa menm konnen pou tèt pa w kisa w ap chante a. Kijan w ap atann pou yon lòt moun konnen? Se sa. Jezi di: “Nou di bagay sa yo ke nou konnen.” Se vre. Se vre. Sa nou ta dwe fè se chante sa nou konnen nan kè nou, jan nou santi nou.

138 E lè yo te fini, pitit fi m lan ap etidye mizik, li te di: “Frè,” li te di, “se te vrèman yon klasik.”

139 M te di: “Wi, men konbyen nan koral sa ki gen apeprè senkant moun ou panse ki te gen sant sigarèt nan souf yo? Konbyen nan koral sa ou panse, poutèt yè swa se te Samdi swa, ki pa t goute yon ti bwason sosyal? Konbyen fanm la ki te gen cheve koupe? Konbyen ki te makiye, alòske pastè legliz la te di kèk jou de sa, “Bondye te kreye yon mond pi bèl lè L te envante makiyaj?” Alòske, nou konnen ke gen yon sèl fanm nan Bib la ki te makiye figi l, e Bondye te fè l tounen manje pou chen. E noumenm, nenpòt moun ki konn anyen sou legliz epi sou payen, konnen

ke makiyaj se yon koutim payen, sa te toujou konsa. E, poutan, fanm yo fè sa. Epi gason yo fimen, bwè, ap flannen. Epi kanpe la pou chante, ak vwa konsa. N ap rive sou sa nan kèk minit drèt la. Dakò. Sa fè pati de yon panse òganizasyon, alòske, pral gen desepsyon jou Jijman an, selon opinyon pa m.

<sup>140</sup> Ne de Lespri a, se kwè epi konpòte tèt ou an Espri, se konprann epi kwè ak kè w ke Jezi se Kris e Sa se Pawòl Li, ke okenn lòt mo pa ka ajoute sou Li oswa retire soti nan Li san ke non w pa efase nan Liv Lavi a. Sa se te youn ki sonnen fò. Si w ajoute yon bagay ladan L, nan tradisyon w, oubyen osinon retire yon bagay ladan L, ebyen, Kris te di, Limenm: “Non w va efase nan Liv Lavi a.” Kounye a, jwenn òganizasyon, denominasyon nan Bib la. Ou va kouri kite l! Dakò. Kèlkeswa sa chè sa ye, ansèyman denominasyon kontrè ak Bib la. Ya. *Ne de nouvo* vle di “yon nouvel Nesans ki sot Anwo; ne apati de Anwo.” Alò nou aktif nan bagay ki sot Anwo yo. O, la la! Paske Se Limenm k ap ajì nan Pawòl Li atravè ou, branch Li, rive nan Pye Rezen an.

<sup>141</sup> Se poutèt rezon sa Jezi te di: “Si M pa fè zèv Papa M yo, pa kwè M.” O, sètènman! Li di: “Pèsonn pa t monte nan Syèl ke Sila ki desann sot nan Syèl la.” Obsève L k ap korije Nikodèm la, lè Nikodèm . . . Ou konnen, yo te panse, Limenm antan ke Òm, Li pa t ka Bondye. E Li di, e la Li di: “Pèsonn pa t monte nan Syèl eksepte Sila ki te desann sot nan Syèl la, menm Fis de lòm lan ki nan Syèl la kounye a.” Sa te twòp pou li. Kijan Li, Fis de lòm lan, te ka desann sot nan Syèl, *desann* sot nan Syèl, se te menm ki te *monte* nan Syèl la, e menm Sila ki te kanpe la anlè tèt kay sa, ap pale a Nikodèm, te la kounye a *nan* Syèl la? Ebyen, li te dwe wè ke se te Bondye. Li omniprezan, toupatou! Ou wè? Men li menm, nan tradisyon l yo, pa t konn sa. Li pa t gen panse espiritiyèl. Panse chanèl la, e li pa t ka sezi l.

Li di: “Kilès lòm di Mwen Fis de lòm lan ye?”

“Genyen ki di, ebyen, ‘Li se Fis de David.’”

<sup>142</sup> Li di: “Alò poukisa David an Espri te rele L ‘Seyè,’ pou di, ‘Seyè a te di Seyè m lan, “Chita sou bò dwat Mwen, jouktan Mwen fè lènmi w yo tounen yon ti ban pou lonje pye W?”” Kouman L fè alafwa Rasin ak Desandan David; Li te anvan David, Li te David, epi apre David. Ou wè? “Li se Rasin ak Desandan David,” Bib la di sa, alafwa Rasin ak Desandan David. Kijan L ka fè Pitit li alò? Kijan L ka fè Seyè li? Bib la di: “Depi lè sa a yo pa t mande L anyen.” Mwen panse se te yon bon bagay, tou. Wi, mesye. Dakò.

<sup>143</sup> Ne de nouvo soti Anwo. Alò nou vin aktif, aktif nan bagay ki sot Anwo yo, epi, poutèt Vi Li nan nou, ki se Pawòl Li k ap konfime Pawòl la Limenm. Lespri ki nan ou a se Pawòl ki fè l chè nan ou a. Lespri a santre sou Pawòl la, epi li aktif nan konfime Pawòl la.

144 Kounye a, Lespri a pa aktif nan okenn denominasyon. Li pa enterese nan fè òganizasyon, paske Lespri a Limennm kontrè a òganizasyon. Òganizasyon an ap chache bagay monn lan, gen panse lemond, e yo bati gwo tanp ak bagay byen poli, ak gwo òganizasyon byen poli, predikatè byen poli, ak lòt bagay konsa, ak pi bon kategori moun nan vil la. Tandiske, Lespri ap eseye jwenn kè onèt yo kote Lespri a ap prese pou manifeste epi pwouve ke chak Pawòl Bondye se verite. Kijan ou ka, kijan Lespri fè ka travay nan yon òganizasyon alòske l ap nye, l ap pran kredo olye de Pawòl la? Pa ka fè l. Kifè, ou wè, li mouri. Bondye pa al jan de kote sa yo pou jwenn pa L yo, yon—yon gwoup moun k ap travay pou Li, paske yo deja mouri. Yo pa kwè nan Pawòl la, osinon yo pa t ap la a. Ou wè? Kounye a, nou aktif nan bagay ki soti Anwo yo. Kounye a, Lespri santre sou Pawòl la. Kounye a, se vre, paske Lespri bay Pawòl la Lavi. Ou wè? “Lèt la touye; Lespri a bay Lavi.”

145 Kounye a, m t ap vini jodi a, ap gade gwo bèl pyebwa yo deyò nan forè a, gwo kolin yo, koulè mawon, jòn, ak pye sapen sou yo. M te di: “Ou konn kisa sa ye?” M te di: “Nou fèk te gen lanmò, e Bondye te fè boukè flè L yo pouse soti, plante yo sou kolin yo. Se flè antèman an. Lavi te retounen al nan pousyè. Bondye te jis antere tout semans Li yo nan flè yo ak bagay konsa, Li te tounen antere yo, pou L te jis fè boukè Li a fleri. L ap gade tè a paske sa se flè pou antèman. Men lè solèy la leve ankò, semans sa ap reprann vi ankò.” Amèn. Trè byen.

146 Lespri enterese nan konfime Pawòl la. E si w te aksepte tradisyon olye de Pawòl la . . . Bon, ou di, “Ebyen, nou kwè L okonplè, men, Frè Branham, mwen konnen nou pa kwè *Sesi*.” Lè sa a, se la drèt ke w estope.

147 Omye a te di m yon fwa ke li . . . ke yon—yon kapitèn te di, oswa mwen kwè se te yon majò, te di, “Omye, al lòtbò a, gen yon kapitèn k ap mouri. Yo te mitraye l.”

148 Li t al laba, e kapitèn nan t ap debat. Yo te rale l nan yon tant Lakwa Wouj, epi l te di: “Kapitèn.”

149 Li te leve gade nan twou san yo, e l te reponn: “Wi, mesye.” Epi l te di: “Ou se omye an.”

“Wi.” Li te di, “W ap mouri, kapitèn.”

Li te di: “Mwen konn sa.”

Li te mande: “Èske w se yon Kreyen?”

Li te di: “Mwen te konn abitye sa.”

150 Te di, “Ki kote w te abandone L, kapitèn?” Li te di: “W ap jwenn Li drèt kote w te kite L la.” Se egzak.

Kapitèn lan te di: “M pa ka sonje.”

151 Omye an te di, “Pito w sonje, ou pa gen plis ke apeprè kèk minit ankò, jan w ap debat la.” Bouch li te louvri, san t ap soti

nan bouch li ak zòrèy li, epi bal mitrayèt yo te travèse l. Te di: “Ou ta fè mye depeche w, poumon w yo ap ranpli.”

<sup>152</sup> E kapitèn lan te kòmanse ap eseye chonje, blayi la pandan l t ap debat. Yon souri te parèt sou figi l, te di: “Mwen konnen kounye a.”

Te di: “Ki kote w te abandone L? Kòmanse la menm.”

<sup>153</sup> Li te di: “Kounye a m ap lonje kò m pou m dòmi.” Se la li te abandone L, e se la li te jwenn Li.

<sup>154</sup> Lè òganizasyon w anseye yon bagay ki kontrè ak Pawòl la, ou abandone L la a menm. Retounen touswit, paske Li aktif nan konfime epi rann Pawòl sa vre. Se sa Jezi te ye, toujou ap fè volonte Papa a. Ou wè? Trè byen.

<sup>155</sup> Kifè, ou wè, konpreyansyon òganizasyon Nikodèm pa t vle di anyen pou Bondye. Kounye a, sa pa t gen enpòtans si l te yon gwo zafè, jan nou rele l la, nan òganizasyon an, yon mèt an Izrayèl, tout aprantisaj ak konpreyansyon l yo pa t vle di sa a [Frè Branham clake dwèt li—Editè a.] lè l te kanpe devan Kris, se te sèlman koreksyon pou li. Bon, mwen imagine tout moun yo k ap di: “Sen pè, Nikodèm. Sen pè, Nikodèm. Nou koube devan w, mesye.” Men lè Jezi, lè l te kanpe devan Bondye, Li te korije l poutèt inyorans li. Kifè, ou wè a kisa tou sa sèvi, bliye sa! Vini non, ann al jwenn Bondye. Se vre. Trè byen.

<sup>156</sup> Ni gwo konpreyansyon Kore a non plis pa t vle di anyen, oswa konpreyansyon Adan an, yo chak te renye Mesaj konfime Bondye a. Kounye a annou koute byen la, nou pral rive nan gwo dlo byen wo nan yon minit. Ou wè, yo chak, rezon ki fè yo te gen pwoblèm, Nikodèm, Kore, Nimwòd, e latriye, se paske yo pa t rekonèt mesaj Bondye a ak Pawòl konfime pou jou sa a. Bon, nenpòt moun konn sa. Kounye a, nou te ka rete sou sa yon bon bout tan. Men, Bondye predi epi di yon bagay kèlkonk pral rive, lòm kreye òganizasyon, li mete lòm nan plas li egzaktman. Yo te kwè te gen yon Mesi ki t ap vini. O, Jwif sa yo, o, la la, sèten! Men lè Jezi te vini fason L te fè a, yo di: “Sa pa ka Li.” Yo te echwe pou konprann Pawòl la. Bon, Jezi pa t vini kontrè a Pawòl la (èske L te fè sa?), men Li te vini kontrè a entèpretasyon òganizasyon te genyen de Pawòl la. Moyiz pa t vini kontrè a Pawòl la, li te vini egzaktman fason Pawòl la; men Kore te echwe pou wè l. Epi depi tout tan sa a, se konsa sa te rete.

<sup>157</sup> Kounye a gade. Mesaj sa pou jodi a pa ka jis yon bagay ki di “nou gen Laverite e nou gen *sesi, sela*,” li dwe predi nan Pawòl Li! Epi apres a Pawòl la te pwononse, li dwe konfime pa Pawòl la kòrèkteman.

<sup>158</sup> Jezi te kòrèkteman konfime pa Bondye, pa Pawòl la. Li di: “Si w te konn Moyiz, ou t ap konn jou pa M lan.” Ebyen pwofèt yo te pale de Li, tout pwofèt yo te di kisa L te ye. E poutan sa te avègle yo, yo pa t ka konprann li. Ou wè? Men Jezi te . . . E mwen pa . . .

159 Mwen vle di sa pou bann kasèt la, e pou noumenm, tou. Ou wè, mesaje a ak Mesaj pou jodi a!

160 Kounye a, si w ale, Advantis Setyèm jou a di: “Nou posede l, se jis kenbe Saba a!” Montre m sa nan Lèzekriti. Madam. Eddy Baker te di li te genyen l. Montre m li. Temwen Jewova di yo te genyen l. Montre m li. Ou wè? Metodis di yo te posede l. Montre m li. Batis di yo te genyen l. Montre m li. Montre m nenpòt òganizasyon an. M ap pwouve nou ke yo, yo chak, soti nan volonte Bondye. Chak nan yo kontrè, ap anseye tradisyon lòm olye de Pawòl Bondye a. Mwen pa konn youn nan yo ki t ap aksepte bagay ki vrèman ekri nan Bib la jan Sa ye a. Se vre. Men lè yon moun vini epi di: “Mwen gen Mesaj pou jodi a,” yo dwe byen idantifye l an premye epi yo dwe anonse l davans.

161 Lè Jan Batis te soti la, yo te di, “Èske ou se Kris la?”

Li di: “Non.”

Yo di: “Èske—èske—èske w se Eli?”

Li di: “Non.”

Li mande l: “Kimoun ou ye?”

162 Li te ka idantifye tèt li, li te gen Mesaj pou tan an. Li di: “Mwen se vwa yon moun k ap kriye nan dezè a, jan pwofèt Ezayi te di. Kounye a, si nesans mwen ak vi m pa t konpare ak sa, pa—pa resevwa m.”

163 Lè Jezi te vini, se te menm bagay la, menm bagay la. Mesaje a ak Mesaj la, dwe yon Mesaj predi pa Bondye. Epi apresya Bondye, k ap pale atravè mesaje sa a, konfime ke se Laverite. Èske w tande sa? Èske w konprann li? Konprann sa! Dabò Sa dwe ENSI DI SEYÈ A, anonse davans. E apresya mesaje a ak Mesaj la, dwe egzaktman sa Bondye te di ki ta pral rive nan moman sa.

164 Se konsa Moyiz te ye. Se poutèt rezon sa li te tonbe fas atè devan Bondye, epi te di: “Bondye, Ou voye m.”

Li di: “Separe tèt ou ak gwoup sa.”

165 Ou wè sa m vle di a? Se te toujou bagay ki te defòme lespri lòm, ki te retire yo nan volonte Bondye. Kounye a chonje, predi pa Pawòl Li epi konfime pa Pawòl Li kòrèkteman. Bon, Jezi di: “Si m pa fè zèv ke . . . Bondye yo, alò pa kwè Mwen. Ou wè, si m rate . . . Di, kilès nan nou ki ka kondane M pou peche? Kilès nan nou ki ka montre M ke Mwen se yon enkwayan?”

166 Nikodèm te di: “Nou konnen Ou se . . . Rabi, Ou soti nan Bondye, paske pèsonn pa ka fè bagay sa yo si Bondye pa avè l.” Ou wè? Kifè sa montre Li te yon kwayan.

167 Kounye a, noumenm ki konn istwa legliz. Kounye a kòmanse reflechi. Li poko ta, ou wè, kifè jis koute vrèman byen la epi m ap eseye fè pi vit posib. Mwen—mwen vle . . . Koute kasèt la byen. Kounye a, nenpòt moun ki janm li istwa legliz, konnen ke premye fwa ke Krisyanis te janm òganize, se te legliz Katolik

Women. Bon, si gen yon moman anvan sa, mwen vle yon moun pran istwa epi montre m. Mwen se yon bon zanmi Paul Boyd, anpil gran istoryen. Mwen gen nan biwo m la, *Konsèy Pòs Nise a, Konsèy Nise a, Pè Niseyen yo*, tout ekri sakre legliz yo, ke m konnen. Pandan trann twazan mwen te etidye yo, mwen te konsilte yo. Pa t janm te gen yon òganizasyon. Legliz Katolik se manman òganizasyon. Nou konnen ke se laverite. Legliz pa t janm òganize, pa t janm te gen yon denominasyon, jouk legliz Katolik. E mo *katolik* la vle di “inivèsèl.” E yo te fè yon relijyon legliz-leta, e yo te mete l sou tout dominasyon Wòm, e li te gen apeprè pi—pi bon pati mond lan ki te konkeri nan tan sa. Se te legliz leta, e sa yo ki pa t vle obeyi l yo te touye yo. Konsèy Nise a, kenz jou batay ak san, lè vrè pwofèt Bondye yo, lè yo te pran pozisyon la sou . . .

<sup>168</sup> Legliz Katolik, poukisa dabò l te kòmanse, enben, nou tout konn sa, mwen te anseye l isi a. Jan, reyèlman, Akila ak Prisil te pastè a, Aquila te pastè legliz Women an—an. Lè Sentespri a te tonbe jou Pannkot la, Li te tonbe sou Jwif yo ki te soti nan tout nasyon anba syèl la. Men kèk jou apre sa, Pyè te gen yon vizyon sou tèt kay la, pou l t al jwenn Kònèy, yon Women, yon nonm jis, li te priye e Sentespri a te tonbe sou li. Apre yon ti tan diyète yo te kòmanse resevwa L. Akila ak Prisil te ale nan—nan lavil Wòm epi yo te vin òganize, oswa, yo pa t janm òganize, men yo te mete premye legliz Women an annòd. E, lè yo te fè sa, yo te gen frè ak sè yo—yo.

<sup>169</sup> E Klod, pandan rèy li, te ekskominye tout Jwif yo de lavil Wòm. E se nan moman sa a menm ke legliz Katolik Women di ke Pyè te nan lavil Wòm. Montre m yon sèl Ekriti kote Pyè te janm nan lavil Wòm, oswa nenpòt liv istwa ki di li te la. Li pa t la, dapre Pawòl Bondye a, e Se Sa mwen kwè. Kijan Pyè, yon Jwif, te ka janm sipòte idolatri ak bagay yo te genyen yo, pou adore idòl ak bagay konsa? Ki kote . . . Ou wè? Kijan l t ap fè ale kont pwòp ansèyman l la? Sa pa gen sans. Pa plis ke sa ke Pwotestan yo tou. Tann, n ap rive sou sa apre yon ti tan, piti piti, si Seyè a vle. Remake. Remake la, nou jwenn ke nan moman menm legliz di ke Pyè te lavil Wòm, listwa di ke Klod (e Bib la di l tou) te bay tout Jwif lòd kite Wòm.

<sup>170</sup> E Pòl t ap pase nan lavil Efèz epi li te rive nan zòn anwo yo la, li te jwenn disip sa yo, e la li t al laba vizite Akila ak Prisil. Apre yo te fin al fè wout yo, lè sa frè Women yo nan legliz sa te kòmanse fòme pwòp lide pa yo, e yo te ajoute idolatri. Epi apres sa sou Konstantin, ke manman l te yon vrè Kreyen e ki te espere ke ti gason l lan t ap sa, men li te yon politisyen. E li te wè ke pi fò nan lavil Wòm lan, oswa yon grann pati ladan l, pami klas pòv yo, te deja aksepte sali a atravè Kris. E apre sa yo te kòmanse vin trè popilè, paske yo te retire Venis pou mete Mari, epi retire Jipitè pou mete Pyè, e latriye konsa ak—ak disip yo, e se te yon relijyon trè popilè. E yo te vanyan. Yomenm, Kreyen sa yo t ap

mouri!

<sup>171</sup> Epi legliz Katolik di: “Nou te la nan kòmansman an.” Se egzaktman laverite, legliz Katolik te kòmanse Jou Pannkot la. Men men sa ki te fè l soti: li te òganize epi enjekte (apati de Pawòl la) dòg. E dènye dòg la, noumenm moun ki gen plis pase dizan ka sonje dènye dòg la: asansyon Mari, apeprè dizan de sa. Yon lòt dòg te ajoute nan legliz. Olye de Ekriti, se te dòg! E y ap fè w konprann la pou la, yo “pa fè ka de sa Ekriti a di, se sa legliz di.”

Yo menm, prèt sa te di m, te di, “Bondye nan legliz Li.”

Mwen te reponn: “Bondye nan Pawòl Li.”

<sup>172</sup> Li te di, “Ebyen, Bib sa a se jis yon istwa sou ansyen legliz Katolik.”

<sup>173</sup> Mwen di: “Alò mwen se yon ansyen Katolik.” Mwen te di, “Sa rann mwen pi katolik pase oumenm, ki on prèt.” Ou wè? Mwen te di: “Si se vre, alò mwen se sa.” Mwen di: “Ou wè, mwen kwè egzaktman sa apot yo te anseye. Oumenm ou kwè sa lòm enjekte ladann.” Epi se egzaktman konsa sa te pase. Sèten, se te sa. Sa te pase konsa, egzaktman fason sa.

<sup>174</sup> Kounye a remake, listwa, alò yo te kòmanse ajoute dòg, apre dòg, e lè Pòl te vini, nou konnen, dapre listwa, li pa t menm vizite premye legliz sa, paske li pa t ka sipòte idolatri. E li te vizite dezyèm legliz ke yo te tabli a, dezyèm legliz Wòm lan.

<sup>175</sup> Epi lè Konsèy Nise sa te rive, kote Konstantin te gen lide pou ini wayòm li an. Menm bagay Akab te fè avèk Jezabèl, li te marye anba la. Ou wè? E lè l te gen yon chans pou ini pèp li a pou fè yon gran nasyon pwisan apati de li, Li te panse yo t ap gen relijyon pa yo, kidonk li te ba yo yon relijyon legliz-leta. E lè yo te gen Konsil Nise sa, e kesyon sa yo te soulve si te gen yon sèl Bondye, oswa twa; si yo ta dwe batize nan Non Jezikri, oswa Pè, Fis e Sentespri; tout lòt kesyon sa yo te mennen nan—nan yon konfwontasyon anndan la. E, lè sa te rive, kèk nan ansyen pwofèt yo te vin la ak anyen lòt ke po mouton ki te vlope yo, epi ap manje fèy. Se vre! Men gwo diyitè yo te deja pran plas yo nan legliz, ki te fèmen bouch yo ak sajès monn lan. Men yo te gen ENSI DI SEYÈ A. Li te antre nan tenèb payen pandan apeprè mil an.

<sup>176</sup> Men, li te repouse ankò, li te fleri. Se vre. Ou pa ka touye L. “M ap renmèt tout lanne bagay sa yo te manje a, se sa Seyè a di.”

<sup>177</sup> Denominasyon sa yo te ajoute dòg. E lè w fè sa, ajoute dòg, se sèl fason ke nenpòt legliz, se sèl fason ke nenpòt denominasyon ka janm elwaye l de Pawòl Bondye, se ajoute dòg olye de Ekriti sakre yo, se eseye tabli tradisyon w lan oswa doktrin legliz ou a, menm si l kontrè a Ekriti yo. Alò kijan w ka kondane legliz Katolik, alòske w ap fè menm bagay yo te fè a? Èske w konprann? Trè byen. Alòske, kounye a jis panse, Lèzekriti pa ka fayi! Dòg se yon manti, pou kòmanse. E lè w aksepte yon denominasyon, ou

deja gen yon dòg, paske se yon bagay ki ajoute. Li pa nan Lekriti. Li pa nan Lekriti.

<sup>178</sup> Yon tèl bagay tankou òganizasyon pa egziste. Jezi pa t janm di: “Mwen komisyone w pou al nan tout mond lan, fè òganizasyon.” Non, mesye, sa pa egziste! Fè sa, se rejte Ekriti sakre yo. Lè sa te fèt, li te chanje de “Legliz pa nesans” a “legliz pa dòg ak kredo.” Pa *legliz*, kite m eskize m; se lòj! Ou ne nan Legliz, men ou rantre nan yon lòj. Se pa legliz Batis, legliz Metodis, legliz Pannkotis. Se lòj Batis, lòj Pannkotis, ak lòj Metodis, ou rantre nan yo. Ou pa ka rantre nan Legliz. Yon tèl bagay pa egziste. Ou ne Ladann. Yo te di Nikodèm sa. Alò ou wè ki kote w ye? O, la la!

<sup>179</sup> Se poutèt sa mwen kont li. Pa kont moun ki ladan l yo; mwen kont sistèm lan. Paske yo pa ka . . . Youn nan ansyen yo oswa yon lòt bagay, si youn nan legliz yo preche yon bagay ki nan Bib la ki kontrè ak doktrin sa, poutèt konstitisyon sa ke yo genyen nan legliz sa, yo ekskominye l drèt konsa. Wi, mesye. Gen kèk ladan yo ki tèlman mechan ke yo pap menm vle kite yon revèy vini nan yon lòt legliz sòf si se youn nan pwòp mesye pa yo. Poukisa, yo tèlman . . .

<sup>180</sup> Yon fwa yon moun ta pral bay yon predikatè . . . Isi a menm nan peyi sa, yon vyep ti predikatè ki te kanpe la nan lari a, ap kriye epi ap sipliyè pou moun repanti, ap di: “Vin, resevwa Kris, ke w ranpli ak Sentespri,” ak bagay konsa. Epi youn moun nan yon òganizasyon Pannkotis te vini epi te bay nonm lan yon dola nan men l, li te oblije al repanti paske li te komèt adiltè kont legliz li a. W ap pale de Katolik! Se vre. Nou konn de kisa m ap pale, tou; oswa legliz sa te fè sa, kanmenm. Trè byen.

<sup>181</sup> Fè sa, pou w rejte Lèzekriti, lè sa fèt, li chanje lè sa lè w ajoute dòg pou w rantre nan yon òganizasyon, ou te aksepte otomatikman premye dòg ou, paske sa pa selon Lekriti, kifè se yon bagay ki te ajoute. E yon dòg se yon bagay ki ajoute, ki “pran plas,” li pran plas nesans lan. Lè w aksepte yon denominasyon, ou ajoute dòg. Trè byen. Lè sa rive, alò li chanje de “Legliz pa nesans” a “lòj pa dòg oswa kredo.” Paske, ou wè, se dòg pou tèt pa l, ki pa selon Lekriti.

<sup>182</sup> Bon, Jezi pa t janm di: “Ale nan tout mond lan epi fè denominasyon, al òganize moun yo ansanm.” Li di: “Ale fè disip.” Ou kwè sa? [Kongregasyon an di “Amèn.”—Editè a.] Amèn. Konsa, ou wè, ou konplètman pa la.

<sup>183</sup> Koute, gade la a. Ann konkli sou yon lòt bagay la a, ann rantre yon bagay byen fon kounye a menm. Konbyen moun ki gen yon leksik Grèk, *The Emphatic Diaglott* ki soti nan ansyen maniskri a, Grèk la? Trè byen. Li l, pran nenpòt gwo save ou vle. Antre nan bibliyotèk epi pran leksik la, leksik Grèk la. Li Apokalips 17, e lè w li la, Vèsyon Wa Jak la di: ak sa, “Li te pote m ale nan Lespri; epi mwen te wè yon fanm chita sou yon bèt ki

te abiye ak yon rad wouj vif, plen ak—ak non blasfèm.” Bon, se sa vèsyon Wa Jak la te di. Men entèpretasyon orijinal la di:

*...ki te pote m ale nan lespri...epi m te wè yon fanm...plen ak non blasfematwa,...*

<sup>184</sup> Gen anpil diferans ant “non blasfèm” e “non blasfematwa.” Kounye a obsève. Nou tout konprann e nou konnen ke se te legliz Women an ki te chita sou sèt kolin, pou ap kontwòle pwisans mond lan. E yo te rele l yon “pwostitye,” e li te yon “manman fanm movèz vi.” Kisa? Kisa yon fanm movèz vi ye? Èske sa ka yon gason? Li oblije yon fanm. Kifè si se yon fanm, li oblije yon legliz; li te manman fanm movèz vi, menm jan avè l. Epi gade, obsève: “Nan li!” Kite sa byen rantre. “Nan li menm te gen non blasfematwa.” Kisa sa ye? Bon, minis yo la epi k ap koute kasèt la, rete trankil. Kisa non blasfematwa sa yo ye? Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, Pannkotis, e latrye. Non blasfematwa, paske se òganizasyon, pwostitye pou Bondye, jis tankou manzè.

<sup>185</sup> E yo menm, nan gwoup sa yo, moun yo di: “Enben, li se yon Metodis, e li fè *sesi*. Li se Pannkotis, epi li fè *sesi*. Li se Presbiteryen, e li fè *sesi*.” Yo fè tout sa k nan kalandriye, ou konn sa. E kisa sa ye? Se dè non ki ta dwe sanble ak non Kris epi yo ta dwe rele Kretyen, men se non blasfematwa! Yo pa legliz. Yo te ba yo non “legliz.” Yo se lòj! Kounye a nou wè poukisa mwen kont òganizasyon? Pa moun yo, sistèm òganizasyon an, ou wè, avèk non, non blasfematwa (obsève) lòj yo, te rele yo fo legliz. legliz Metodis, legliz Batis, legliz Presbiteryen, legliz Pannkotis, legliz Literyen, legliz Frè Ini yo, bagay konsa pa egziste. Sa pa selon Lekriti.

<sup>186</sup> Gen yon sèl Legliz, e ou pa ka rantre Ladann. Ou ne Ladann. Ou predestine pou Li. Kò mitik Jezikri a . . . Kò mistik la, pito, Jezikri isi a sou tè a, ak Pawòl la manifeste. Pitit gason ak pitit fi Bondye yo, pa fè pati de okenn ladan yo. “Soti nan mitan yo,” Li di. Ya.

<sup>187</sup> Obsève, rapidman kounye a. M pa vle fatige w, men si w jis ban m kèk minit an plis kounye a, m prale osi vit ke m kapab, men mwen vle w gen sètitud ke w genyen l, pou w pa rate l. Ou wè?

<sup>188</sup> Sonje byen, manman Wòm, yo te jwenn nan li, ke l te ranpli ak non blasfematwa, te yon manman fanm movèz vi. Alò, si yo se fanm movèz vi, kisa yon fanm movèz vi ye? Kisa yon pwostitye ye? Menm bagay ak yon pwostitye. Se yon fanm ki pa fidèl a ve maryaj li. E nenpòt legliz ki pretann ke se Legliz Kris la, e ki renye Pawòl Bondye a, li pa fidèl a ve maryaj li! Apresa li komèt adiltè lè l ajoute dòg, nan pwostitasyon ak mond lan ak sajès pa l, olye pou l aksepte Kris ak pwisans rezirèksyon Li pa Sentespri a. E li se manman pwostitye ki te fè menm bagay la. Chodyè pa kritike kastwòl pou di li sal ak “grès,” ou konnen; ou wè, se sis yon kote, epi yon demi douzèn lòt kote a. Kèk nan moun sa yo ap

kouri pou jis ap pase Katolik nan betiz, epi fè pati de youn nan menm bagay la yomenm. Li te manman zafè fo batèm nan dlo a. Li se manman fo prèv Sentespri a, e ou te swiv toudwat ansanm avè l. Kounye a ann wè.

189 “Èske se vre, Frè Branham?” Rete trankil jis yon moman.

190 Ou wè, li se manman non blasfematwa sa yo, lòj kote moun yo te rantre, e ki te mennen yon wont, ap viv nenpòt fason, mete bout pantalon, fanm ak cheve koupe, byen makiye, ap chante nan koral, ap fimen sigarèt, ap pran kominyon, tout sòt de salte mond lan, e se yon obstak ki fè bite pou enkwayan an. Èske Timote pa t pale de sa, Sentespri a? Obsève. Ou wè, limenm, Wòm, se manman yo chak ladan yo. Ou wè? Ou te fè egzaktaman nan òganizasyon w jis tankou l te fè a, enjekte dòg olye de Pawòl la, paske yon gwoup moun te mete l ansanm, reprezantan prezbitè ak evèk yo e latriye te di ke sa oblije fason sa, e se egzaktaman sa k te rive nan lavil Wòm. Epi w ap eseye, frè pastè mwen, aksepte tout Pawòl Bondye a, epi, gade kote w prale, jis aleksteryè pòt la! Kounye a n ap wè si Bondye te di w fè sa, ou pa, nan kèk minit. Ou wè? Dakò.

191 Ou wè, li se manman yo tout, paske li te premye ki te retire nòt Lekriti yo pou ajoute dòg, paske li te rejte pwofèt wen yo ki te gen vi konfime a, ak Pawòl la. Pou entèlijans yo, moun entèlijans, Anperè Women, e latriye, ki te aksepte Krisyanis, men ki te vle . . . te aksepte sa nan pwòp fason pa yo. Ou wè? Se vre. Yo te vle l nan pwòp fason pa yo.

192 Naaman te vle debarase l de lèp li a nan dlo nan pwòp peyi l, li pa t renmen dlo labou Jouden an. Men si l te vle janm debarase l de lèp li a, li te oblije mache deyò la nan labou sa egzaktaman jan pwofèt la te di l la. Ou wè, Bondye pa fè eksepsyon pou pèsonn.

193 Remake, li te premye denominasyon. Gade pitit fi l yo, yo te fè menm bagay la, yo te ajoute kredo ak dòg olye de Pawòl la. Pa di m; montre m youn ki pa t soti nan Li. Montre m yon sèl pastè k ap aksepte Laverite, ke yo p ap mete w deyò sou sa, sòf si w tèlman popilè ke, ou konnen, yo oblije kenbe w pou popilarite w oswa youn bagay konsa. Pa gen pwoblèm.

194 Kounye a gade nan Apokalips 18, jis pou kèk minit, pwochen vèsè a lòtò a, pwochen chapit la, apre Apokalips 17 te eksplore e—e li te montre mistè Miss Babilòn sa a. Chapit 17 Apokalips la eksplike ke li se youn legliz ki chita sou sèt kolin, Vil Vatikan, ki dirije tout wa sou tè a (se egzaktaman sa ki kòrèk), epi Prezidan yo tou, e latriye. En-hen. Alò, men li la, an posesyon richès mond li a nan men l. Se egzaktaman sa. “Kimoun ki kapab fè lagè avè l?” Se vre. Nou tout konn sa. Men poukisa w ta fè pati de youn bagay ki konekte avè l? Kounye a remake nan chapit 18 la, chapit pwochen an menm apre mistè l la te fin eksplike. “Chita nan tanp Bondye a.” Kounye a, isi a, lòt jou . . .

<sup>195</sup> Zella Braitman, èske w isi a aswè a, Zella? Li te mennen, sa nan sal la la, jounal *Our Sunday Visitor*, jounal Katolik la. Epi jounal Katolik la t ap reponn yon minis. Te di: “Èske w te di, reveran, sa te fè. . . An chif Women sou tèt Vatikan, oswa sou tèt twòn Pap la, sa ekri, ‘Vicariivs Filii Dei,’ ki vle di, se li,” nan dyosèz Katolik la, “ke sa se nonb bèt la—la nan liv Apokalips la?”

<sup>196</sup> “Ebyen,” li di, “sètènman, se sa. Se egzakteman, eple sisan swasant sis. Se egzakteman.” Epi dyosèz Women an admèt li, ke li admèt. Men men repons yo, entèlijan, ranpli ak sajès, te di: “Men, ou konnen, non w nan yon lang kèlkonk ka eple menm bagay la.”

<sup>197</sup> Mesye sa te di: “Non pa m, ap bay prèske menm bagay la nan yon lang kèlkonk.” Li te ekri l. Te di: “Ou wè, mwen prèske sisan swasant sis, tou.” Te di: “Gen dè santèn nan yo.” Te di: “Chak fwa yon bagay parèt, yon moun te kalkile sisan swasant sis.” Epi te di: “Reveran, èske w te konnen nan yon lang pwòp non w ta ka konekte ak antikris?” Te di: “Poukisa w ap konsidere bagay sa yo?” Gade sajès la.

<sup>198</sup> Men Sentespri a konnen pi byen. Obsève. Sa te posib, non pa m te ka bay sisan swasant sis, men mwen pa satisfè rès kalifikasyon yo. Mwen pa chita sou yon kolin. Mwen pa di bagay sa yo. Mwen pa yon gouvènè, ou wè. Se vre. Se de sa L ap pale. Kifè sajès mouden w lan pa vo anyen, mesye, se vre, nan Prezans Sentespri a. Mwen pa reponn a rès la, men limenm li koreponn. “Chita nan tanp Bondye a, ap pwoklame tèt li li se Bondye, e li chita sou sèt kolin.” Mwen pa chita sou sèt kolin, menmsi sa ta bay sis san swasant sis. Mwen pa koresponn ak rès la, men limenm li koresponn. Ou wè, men ou. Ou wè? Kifè jis konte sou Sentespri a, “Piga w panse a sa w pral di, paske se pa ou k ap pale; se Papa a.”

<sup>199</sup> Kifè kouman sajès ou ak nouvel Nesans ou ki sot Anwo ka janm konpare ak bagay sa yo isi a sou tè a, majisyen pwisan sa yo—sa yo ki ladan l? Enben, yo konn tout ti riz ak tout ti rekwen. Kouman Moyiz te ka pran pozisyon lè l t ap swiv Komandan Bondye yo, pou l te jete baton li atè e li te tounen yon sèpan, epi men majisyen yo ki te vini pou fè menm bagay la? Men Moyiz te rete trankil, konsyan li te swiv Pawòl Bondye a, e sèpan pa l la te vale rès yo. Ou wè? Konsa, lè ou fin obeyi epi ou fin gen. . . Kisa l te ka fè lè l te mennen yo nan tè pwomiz la, epi men Lanmè Wouj la ki te bloke yo, men chemen Bondye a te trase dwat nan mitan l. Amèn. Li di: “Rete trankil, epi wè Glwa Bondye!”

<sup>200</sup> Lè sa nan chemen devwa a, pou ap swiv Pawòl la, kanpe la epi gade l k ap louvri. Amèn. Mwen gen senkant-twa zan, ap sèvi L depi anviwon trant-twa zan, mwen swete m te gen dis milyon lane pou sèvi L. Mwen poko janm wè L echwe, lè Pawòl Li kenbe. Se vre.

201 Kounye a gade, imedyatman apre peche l la, sekrè l yo te dekouvri. Nou te gen sa depi lontan, nou konnen l.

202 Kounye a pwochen chapit la, gade Apokalips 18. Èske m ka jis vire ladann jis yon minit. Sa ka yon bon bagay, sa p ap pran nou plis ke jis kèk minit ankò, epi sa ta ka vle di yon ti bagay pou ou. M espere l ap fè sa.

203 Kounye a nou wè la, nan chapit 17 la, vèsè 5 lan:

*...te gen yon non ekri sou fwon li, MISTÈ,  
GWO BABILON, MANMAN PWOSTITYE YO,  
ABOMINASYON SOU TÈ A.*

Epi obsève.

*E m te wè fanm (legliz la) sou ak san sen yo, epi ak san mati Jezi yo: . . .lè m te wè l, m te sezi avèk anpil admirasyon.*

204 Ou wè, lè w wè l, li te tèlman yon gwo bagay bèl. E li te manman pwostitye yo, relijyon pwostitye yo, denominasyon yo, egzaktman sa l te fè, ou wè, paske yo te enjekte dòg jis tankou l te fè. Bon gade, gade Apokalips kounye a, sa se chapit 17 la, ki fini avèk vèsè 18 la. Kounye a gade byen.

*...apre bagay sa yo (apre mistè l la te dekouvri), apre bagay sa yo mwen te wè yon lòt zanj desann sot nan syèl la, ki gen gwo pwisans; . . .*

205 Bon, men yon lòt mesaj k ap vini, pwochen chapit la, mistè manzè te fin dekouvri. Bon, sa se dekouvèt mistè li a ak mistè pitit li yo. Ou wè, kounye a nou konprann egzaktman kisa ki fè li se yon pwostitye: se paske li te komèt adiltè kont Pawòl Bondye a. E se sa ki fè l tounen yon òganizasyon. Li pa t ka rete yon legliz Biblik epi aksepte sa. E okenn òganizasyon ki pa aksepte tout Pawòl ki Ladann (fason L ekri a) pap janm ka yon legliz Biblik non plis. Epi pa gen okenn nan yo ki konsa, ke mwen konnen anyen sou yo, pa menm youn. Kifè la, ou wè, osito ke li òganize, bagay ke li fè, (alafwa dapre Lekriti e dapre prèv) li mouri drèt la, li aksepte dòg lan. Bon gade, kounye a se sa ki te rive.

206 Bondye te voye, nan chapit 18 sa, yon zanj pwisan, apre mistè sa te fin devwale, yon zanj pwisan, oswa, yon mesaj. Gade byen la.

*...apre bagay sa yo mwen te wè yon lòt zanj desann sot nan syèl la, ak gwo pwisans; e latè a te eklere ak glwa li.*

*Epi li te kriye . . .ak yon vwa byen fò, . . .gran Babilòn (konfizyon) ap tonbe, . . .epi li vin tounen yon kay dyab, . . .kote tout move lespri ka pran pye, epi yon kay ak tout sa ki pwòp epi ki rayi. . .zwazo enpi e rayisab.*

*E tout nasyon te bwè nan diven kòlè fònikasyon li yo, epi wa latè yo . . .te komèt fònikasyon avè l, e machann yo sou tè a te vin rich nan abondans dezolans li a.*

207 Gade, imedyatman apre mistè li a te fin revele, kimoun li te ye, kisa l te ye, kimoun pitit fi l yo te ye, mistè a te revele, alò Bondye te voye yon zanj, yon mesaj pou (kisa?) rele soti, “Soti!” Mesaj pou tan an!

... *Soti nan mitan l, pèp mwen an, pou nou pa patisipe nan fleyo li yo...*

Li pral modi l. Obsève.

208 Soti nan mitan l! Bondye te voye yon zanj pwisan, oswa, yon mesaj. E Limyè li pa t nan yon kwen, Li te gaye toupatou sou tè a. Soti nan mitan l! Ki bò? Limenm, ak sè l yo, tou. Pou eklere tè a, epi rele pèp Li soti nan mitan l. Kounye a, ou konnen ke se Laverite. Yo te voye yon mesaj sot nan Syèl, pou rele pèp Bondye a soti kite Babilòn. Epi Limyè li te limen tè a, gran Sentespri a.

209 Remake, Bib la di: “Li se yon kaj, e li pran zwazo ki rayisab, ki pa pwòp.” Pa èg, la, non, non, non, non. Votou yo, “zwazo ki pa pwòp, ki rayisab,” se sa ke li mete nan kaj bò kote l. Li se yon kaj ranpli ak yo, tout yon kaj ranpli. Avèk kisa? “Non blasfematwa,” kontrè ak Lekriti. 2 Timote 3 di, Sentespri a ap pale, “Nan dènye jou yo, y ap abandone Lafwa, epi y ap koute lespri twonpè yo.” Li di tou, Sentespri a te pale: “Kè nan dènye jou yo yo t ap gen tèt di, tèt di.” Rayisab: “Benediksyon pou Bondye, ou fè pati de nou, oswa ou pa gen non w nan liv nou an, ou pèdi.” Hmm. Rayisab! Enpi! Hmm. M espere ke m pap fè w mal, m espere ke m ap fè sa ki bon. Zwazo ki rayisab, ki pa pwòp, li te mete yo nan kaj.

210 Sonje byen, Bondye se yon Èg. Li te rele tèt li yon Èg. E Li te rele Jakòb yon èg. E nou se ti èg Li yo. Amèn. Li te rele pwofèt Li yo “èg.” E zanj sa te desann pou ekspoze epi rele soti!

211 Tankou ti mesaj mwen an sou *Èg K Ap Etann Nich Li A*. Vyep ti èg sa a t ap swiv vye poul sa a tout tan nan baskou a, ap fè kòt kòt, men li pa t ka manje bagay sa ke poul la te genyen an, bagay sosyal, ak fanm tou makiye, cheve koupe, ak bout pantalon. Li pa t ka fè sa. Men li pa t konn anyen lòt ke fè kòt kòt vye poul sa. Men yon jou manman èg te jwenn li. Li te rele, ap rele l soti, te di: “Pitit mwen, ou pa youn nan yo. Soti nan mitan yo!”

Te di: “Manman, kisa m ka fè?”

212 Te di, “Bat zèl ou pou kòmanse.” Premye sote a, li te retwouve l sou yon poto, drèt nan mitan yon òganizasyon. Te di: “Pitit mwen, w ap oblije vin pi wo ke sa sinon m pap ka pran w. Ou dwe fè pye w pèdi tè.” Li te prè pou atrape l nan yon vòl. Li te dekouvri ke l te ka vole. Li te vin rele l soti. Se vre.

213 Men Manman Babilòn sa a te retwouve l avèk yon bann ti poul, ti poul klasik, byen makiye, cheve koupe, k ap rele tèt yo “Kretyen.” Manzè te gen yon kaj ranpli ak yo. Noumenm predikatè ki kanpe sou chè a pou kite fanm yo chape ak sa, Wont pou nou, pou fè denominasyon w lan vin gen plis moun. Bondye ap mande w kont. Soti nan mitan l! “Brebri M yo koute Vwa M.”

Yon kaj ak rayisman, tèt di, tèt anfle, ki renmen plezi plis pase renmen Bondye, ta pito tankou lemond pase Kris. Lè w wè yon fanm ak anpil makijaj nan figi l, sa montre li vid anndan l. Li fo anndan l. Se egzakteman sa. Si fanm lan . . . Mwen te wè youn lòt jou, ak cheve koulè vèt, se vre, ak tout bagay vèt sa yo la sou je yo.

<sup>214</sup> Bon, si w—si—si w pa t gen okenn cheve, epi—epi ou te vle mete kèk cheve, sa t ap annòd, men, mete youn ki sanble ak moun. E si w pa t gen okenn zong, epi—epi ou te vle gen kèk zong, pa pran yo tankou se po pwa maren, pran—pran veritab zong. Si w pa gen okenn nan bagay sa yo, se kòrèk. Si w pa gen dan ditou, fè yo fè kèk pou ou si yo kapab, mete yo. Men, pa rache dan Bondye ba ou yo jis paske yo yon ti jan kwochi, epi se bon dan yo ye, pou mete lòt. Pa tenn cheve w, oubyen yon bagay konsa, pou w sanble ak yon bagay ki sot nan labou yon kote. Piga w . . . Si cheve w pa gen koulè, epi ou vle fè tèt ou sanble tankou ou gen kèk koulè, se kòrèk, m imajine. Men pa fè tèt ou sanble ak Jezabèl, tankou yon etab yon kote ke yo pentire.

<sup>215</sup> E nou menm frè Pannkotis yo, k ap kite fanm yo koupe cheve yo, alòske Bib la di ke se glwa li! E li pa menm koutim pou li pou l ap priye ak cheve l konsa. E poutan ou kite l vin sou chè a pou ap preche Levanjil, chante nan koral, anseye lekòl dimanch. Wont pou ou! Ou ta dwe wont tèt ou. Poukisa mwen kont òganizasyon? Ou panse mwen ta ka janm panche pou yon bagay konsa? Mwen konn rezon ki fè w fè sa, frè. Ou konn sa k miyò, men si w ta anseye kont sa, yo t ap voye w tounen nan katye jeneral la, epi yo t ap ekskominye w. Ke Bondye beni pou kouraj ou si w ap fè l. Se vre. Bondye va onore w.

<sup>216</sup> Kisa zanj sa te di? “Soti nan mitan l!” Wi, mesye. Zanj sa a te vin sou tè a, e li te vini pou pote Limyè, e li te fè Limyè a klere toutotou mond lan. Li te yon zanj pwisan. E li te vini pou pwoklame Mesaj la “Soti nan Babilòn! Pa touche bagay pa pwòp li yo!”

<sup>217</sup> Li gen yon kaj an antye ranpli ak yo. Te di, “Li se kaj tout zwazo rayisab.” Ya, li gen yon kaj ranpli ak yo la, Konsèy Mondyal Legliz yo, oswa lòj yo. Li mete tout gwoup la nèt nan kaj kounye a, yo tout ap vin ansanm. Li vin yon kaj, dakò, ranpli ak zwazo rayisab. Se vre. Eseye pale ak youn nan yo yon fwa, jis eseye sa, gason mwen, entelijan dapre sajès mond lan, men yo pa konn plis sou Bondye pase yo lapen sou raket pou nèj. Se vre. Jis, se jis sa, ou wè, tout sa yo konnen se yon ti sajès yo ka mete *sesi* epi fè *sela* ladan l. Men lè li kesyon pou konnen L? Hmm! Ya, yo te pran nan pyèj kaj li a ak dòg li yo. Legliz pwotestan yo kòmanse menm bagay la, yo vin pitit fi l yo, sa ki te rive akòz rejè Pawòl Bondye a. Ke l te fè. Li nye Pawòl la. E lè w aksepte yon lòt bagay olye de Pawòl la, ou refize L oumenm. E lè w asosye w ak youn nan yo, ou nye Pawòl la tou. Bondye pa vle w fason sa, pa gen plas konsa pou Ekriti a.

218 Remake, sa se zanj Limyè a, sonje byen, dènye zanj lan, se zanj ki nan aj legliz pou Lawodise. Se mesaje Lawodise a, ki se, ki se dènye a, paske pwochen chapit la menm se chapit 19 la, ki se vini Lepouz. E sa se, sa nan Lekriti, dènye zanj ki te vini pou pote Limyè anvan vini Lepouz pou al rankontre Kris. Se te Aj Legliz Lawodise, la. Kisa mesaje Aj Legliz Lawodise a t ap fè? T ap rele yo soti kite Babilòn! Gade! Legliz yo te pran nan kaj li yo avè l, ak dòg li yo, ap renye Pawòl la pou aksepte dòg. Sa se zanj Limyè pou legliz Lawodise ki te rejte Kris ak Pawòl Li, pou dòg, e ki te mete L deyò. E men Li ki te kanpe nan pòt la, ap frape, ap eseye antre. [Frè Branham frape sou chè a—Èditè a.] Ou wè? Aj legliz la te rejte Kris, e Kris se Pawòl la, e yo te rejte Sa, e Li te aleksteryè. Sèl aj legliz ke nou genyen avèk Kris aleksteryè, ap frape, ap eseye antre. [Frè Branham frape sou chè a.] E Mesaj zanj sa a, mesaje ki vin de Bondye a, t ap fè eko a Mesaj li a sou tè a, pou “Soti kite Babilòn! Soti kite òganizasyon yo!” Sentespri a jodi a, manifestasyon Sentespri a se zanj sa k ap eseye fè moun yo retounen nan Pawòl la, paske Sentespri a ap sèlman konfime Pawòl la. Li pa ka konfime dòg, pa gen lavi nan yo. Li se Lavi. Remake, Aj Legliz Lawodise a te nye L, te rejte L, e yo te mete L deyò.

219 Remake, zanj sa a se dènye mesaje anvan vini Kris la nan chapit 19 Apokalips la. Vwa mesaje a! Si nou remake, lè l te fè tandè Vwa l sou tè a, te gen yon Vwa ki te fè eko ankò nan Syèl la, vèsè 4, si w vle li l, dakò, vèsè 4, chapit 19 la. Mesaje sa a sou tè a te tèlman fè youn ak Bondye ke, lè l te pwononse l sou tè a, Bondye te repete menm bagay la soti nan Syèl la. Kisa tradiksyon 4yèm vèsè sa ye? Kisa sa vle di? Vwa Bondye a ap pale ak pèp predestine L la, ap di: “Soti nan mitan l!” Jis egzaktman sa Vwa a te ye a! Li gen moun toupatou anndan la, toupatou atravè Babilòn. “Soti nan mitan l, pou w pa patisipe nan peche l yo,” wi, mesye, soti nan dòg ak kredo sa yo, pou Pawòl ki te fè l Espri e Vi a. Amèn.

220 Remake, chapit 19 la se pwochen an: “Apre bagay sa yo.” Èske w te remake la nan chapit 19 la, “Apre bagay sa yo”? Gade kisa? Apre kisa? Apre Mesaj sa: “Soti nan mitan l!” “Apre bagay sa yo,” obsève, “se kri sen ki nan Lepouz yo, ak Lepou a, ki pral nan Nòs Ayo a.” Konbyen pwòch nou ye alò, frè? Kisa k dènye apèl la? “Soti kite Babilòn!”

221 Kounye a, frè m yo, se poutèt rezon sa a mwen kont sa. Li pa selon Lekriti. Li pa Otodòks. Sa te pwouve ke li fo. Bondye pa ladan l, Li pa t janm ladan l, Li p ap janm ladan l. Kounye a, mwen p ap di pa gen moun nan òganizasyon sa yo, se la Legliz te fòme. Men, osi lontan ke w rete nan sistèm sa, ou fè pati de li.

222 Si m rete Etazini, mwen se yon Ameriken. Osì lontan ke mwen se yon sitwayen oswa yon manm de Etazini sa, mwen fè pati de li. Si m al an Almay epi m refize idantifikasyon manm mwen la, oswa sitwayènte mwen, mwen renonse a sitwayènte m an Almay, Mwen pa yon Ameriken ankò, mwen se yon Alman.

E si m al o Japon, oswa nenpòt kote a, Larisi, mwen vin yon sitwayen laba.

223 E lè w rantre nan yon sitwayen . . . yon sistèm, epi vin yon sitwayen nan sistèm sa, w ap montre sa w ye. E nan dènye jou sa yo, Bondye ap rele moun yo soti ladan l. Bib la di konsa: “Soti nan mitan l, pou w pa patisipe avè l, e m ap resevwa w. Pa touche bagay enpi l yo, ou wè, e m ap resevwa w. E nou va vin pitit gason ak pitit fi pou Mwen, e Mwen va Bondye pou nou.” Ou wè?

224 Se poutèt rezon sa a mwen te pale kont legliz, kont lòj la—la. Mwen pa ka rele sa yon legliz. Gen yon sèl Legliz, sa se Legliz Kò Kris la. Men pakèt lòj sa yo ke yo rele “legliz,” Bib mwen an di m ke yo se non blasfematwa, yo tout, tout òganizasyon yo. Kisa y ap blasfeme? *Blasfème* se “vin kontrè ak,” oswa, “pale kont.” Lè Bondye di: “Vini epi ne,” epi yo di: “Vin fè w manm.” Ou wè? Lè batèm Lespri a te bay sou yon fo reprezantasyon yon fason pou pran yon losti nan legliz Katolik, pou yon bay lanmen nan legliz Pwotestan, epi pou yon emosyon nan legliz Pannkotis, olye ke Kris an Pèsòn antre ak tout bilding piramid sa ke nou te genyen lòt jou a.

225 “Ajoute sou lafwa w, vèti,” e latriye, tout sa nan Premye Pyè, premye . . . Dezyèm Pyè, mwen kwè, chapit 1, kote tout bagay sa yo te ajoute sou lafwa w, tout bagay sa yo, pyete, ak pite, ak sentete, ak tout bagay, e alò ou sele ak Sentespri a.

226 Men se jis tankou yon moun yo . . . moun yo deklare ke yo gen sa alòske yo pa genyen l, paske yo te resevwa fo ansèyman. Metodis yo gen yon sansasyon dwòl, yo te konn abitye, pou ap sekwe yon ti kras, oswa—oswa danse nan Lespri. Pannkotis yo pale an lang, oswa—oswa fè yon bagay ak emosyon. Mwen kwè bagay sa yo, sètènman, men bagay sa yo san lòt yo pa bon.

227 Jan m te di lòt jou a, se tankou yon pan . . . osinon yon kòbo k ap eseye mete plim pan sou pwòp kò l, oswa yon chawonyè k ap eseye sèvi ak plim kolonb. Yo pa t janm pouse la, li te fòse yo antre nan limenm. Yo te plante, yo se denominasyon. Men lè Bondye mete nenpòt bagay ladann, li natirèl. Ou fè tèt ou ap di: “M te antre nan legliz yèswa. Mwen pa ka ale ankò, mwen pa ka bwè ankò, mwen pa ka fè *sesi*. Mwen te antre nan legliz.” Ou wè, w ap eseye mete plim pan nan kadav kòbo w la. Se vre. Ou wè? Ou wè? Ou dwe ne de nouvo! Ou dwe resevwa Kris. E lè w resevwa Kris, ou pa ka resevwa Kris san w pa resevwa Pawòl Li, paske Li se Pawòl la. E lè w gen yon fòm pyete, epi renye Sa, alò m ap poze kesyon. Ou wè? E ou ka toujou fè pati de tout òganizasyon ou vle epi gen yon fòm pyete, epi toujou pa genyen L.

228 Kounye a, men nou, zanmi. Men tout bagay la. Bondye beni w. Bondye ede w. Mwen pa di sa pou vin diferan. M ap eksplike pou tèt pa m. Kòm se jou amistos la, mwen p ap siyen yon trete lapè avèk noumenm minis yo, pa ditou, Mwen kwè ou ta dwe vin siyen avè m; pa avèk mwen, men avèk Bondye, Pawòl la. Se vre.

Se vre. Di sa Bib la di, di L fason Li di L la. Paske Bib la di: “Sila ki va retire oswa ajoute nan menm bagay la.” E nou wè, òganizasyon pa selon lekriti, e lè w resevwa premye dòg la ou ta fè osi byen retounen dèyè nèt, paske ou travèse liy lan drèt la. Lè w retounen nan nouvel nesans lan, alò ou va mache nan Lekriti.

229 Epi ou antre nan yon denominasyon, yo di: “Mwen konnen, nou pa kwè nan *Sesi*. Evèk nan legliz nou yo anseye ke nou se youn nan pi ansyen legliz. Nou pa anseye. . .” M pa fè ka de sa yo pa anseye. Si Bib la anseye l, Sentespri a nan ou Li va nourri l de Pawòl la. Kèlkeswa jan yon nonm entèlijans e jan l ka eseye eksplike Sa alanvè, yo gen kapasite pou eksplike alanvè. Yon enfidèl ka pran Bib la pou eksplike Bondye alanvè pou ou.

230 Se poutèt sa, pa gen okenn moun ki gen dwa preche Levanjil la sòf si li te, tankou Moyiz, laba sou teren sakre sa yo kote limenm ak Bondye sèl te kanpe, jiskaske yon nonm ne de nouvo epi kanpe la fas a fas ak Bondye, epi konnen. Pa gen okenn enfidèl, pa gen okenn sikoloji, pa gen okenn eksplikasyon, pa gen okenn entelektyèl nan mond lan ki ka retire Sa soti nan ou. Ou te la lè sa te rive! Wi, mesye. Ou konn sa k te rive.

231 Alò ou di: “M te fè jan de eksperyans sa, e m te gen yon espri sou mwen.” Men si l nye Pawòl la kanmenm, ou gen move espri a. Ou di, “Mwen—Mwen pa ka fè bagay sa yo Konsa. Mwen konnen, men legliz nou an. . .” En-en, gen yon move espri. Men mak idantifikasyon w lan. Kayen, ou make. Wi, mesye.

232 Èv te jis doute de yon ti Mo; se pa tout sa Bondye te di, jis yon ti Mo, e sa te lakòz tout kè sere ak kè kase, ak lanmò, ak peche, ak batay, ak tout lòt bagay, chak kavo, chak anbilans ki te janm bay sirèn, chak lopital ki te bati pou moun malad. Sèl ti dout manzè de yon ti Mo Bondye, te lakòz tout bagay sa yo. E sa te mete l deyò, alòske sa pa t dwe janm rive. Kijan w pral fè antre, ap doute yon sèl Mo Ladann? Ou va di: “Mwen konnen Li di *Sa*, men Li. . .” Li jis vle di Sa!

233 Kounye a gade. Bondye oblije jije mond lan ak yon bagay. Ou pa ka gen jijman san w pa gen dabò yon lwa. Dwe gen yon bagay, ou dwe kase yon bagay pou yo ka jije w. Ou wè? E lè sa pa ka gen jijman, kòrèkteman, san kondanasyon. Kounye a, ou wè, ou pa ka gen yon lwa nan vil la ki di “senk dola amann si w pase sou yon limyè wouj,” epi pwochen lwa a di “non, li ka ale lib.” Ou wè, ou pa ka fè sa. Kifè pa ka gen de lwa ki egziste an menm tan. E gen yon sèl lwa, yon sèl Bondye, yon sèl Liv, yon sèl Kris. Se tou. Yon sèl Fwa, yon sèl esperans. Se tou. Sa se Bib la, Kris.

234 Remake la, nan sans sa, si gen yon bagay ki dwe ajoute a Sa, se lòm ki dwe ajoute l. Li pa ka plis ke. . .

235 E si Bondye pral jije mond lan pa yon legliz, jan Katolik di a, alò pa ki legliz Katolik Li pral jije l? Gen plizyè nan yo; gen yon sèl, gen Women; youn, gen Grèk; e, o, gen tout diferant sòt. Pa ki legliz Katolik Li pral jije l? Oswa, petèt Li pral jije l pa

Literyen yo? Ebyen, la, e petèt Li pral jije l pa Presbiteryen yo? Ou wè? Kisa L pral fè? Li pa pral jije l pa yon legliz. Li pral jije l pa Pawòl Li. Ebyen, alò, Li pap janm . . .

<sup>236</sup> Ou wè, Li pa ka kenbe yon gwoup moun, tankou vizyon sè a lòt jou swa a, Sentespri a ki te devèsè antre, Li te pase dirèk nan bwat sa. Sèten, pa gen anyen ki te retni Sa. Se yon endividi. Sa te bay pou netwaye legliz, men sa pa ka retni L. Okenn òganizasyon pa ka retni L. Se tou. Sa jis pa ka fè l. Ou gen tout bagay anndan la, e ou pa ka fè l. Òganizasyon pa ka fè l. Men se endividi an ki gen Sentespri a. Kounye a remake.

<sup>237</sup> Alò si Bondye pral jije mond lan ak Pawòl Li, alò Li sètènman ap siveye L epi kenbe L an kondisyon. Osinon, si tout bagay trafike, kijan L pral fè mennen jijman? Ou wè? Sa dwe yon bagay kredib. E Li pa t janm di: “Nenpòt moun, atravè legliz.” Li di: “Nenpòt moun ki retire yon sèl Pawòl nan Sa a, oswa ki ajoute yon sèl mo sou Li, menm bagay la ap soustrè (pati pa l la) nan Liv Lavi a.” Kifè, pou mwen, se Bondye, Pawòl Li ak jijman an. Bon, si m ap jije epi m aksepte Pawòl la, pou wè ke Kris te mouri pou mwen, alò mwen va mande pou Vi Li antre epi gide m. E si Vi Li se Pawòl la, e Li te ekri Pawòl la, kijan Vi Li ka nan mwen, e mwen deklare ke mwen gen Sentespri a, epi ajoute yon dòg olye de Pawòl la? Sa jis pa t ap mache. Kijan m ka fè ajoute yon denominasyon alòske Li kont sa, epi te pwouve l, te montre l atravè listwa, ke chak fwa yo te fè yon denominasyon yo te mouri, espirityèlman? Oo, yo te vin gen plis manm, sètèn. Se vre. Yo te gen plis manm. Men, espirityèlman, yo pa t janm al okenn kote. Montre m, di m nan listwa ki kote yon legliz te janm . . . Apre l te òganize, li te mouri drèt la, Sentespri a te kite l. Pa t gen mirak ak siy ankò, e li te jis al drèt nan dezòd.

<sup>238</sup> Se egzaktèman sa k te rive legliz Pannkotis nou yo. Yo te fè egzaktèman sa manman yo te fè. Nan kòmansman an, yo te soti, yon pèp ki te rejte denominasyon yo. Kounye a, kèk nan nou frè yo k ap koute kasèt sa a, kèk nan nou mesye aje yo, konn sa depi de zane, karant, senkant an pase, si yo te pale w de yon òganizasyon, ou t ap di ke se te yon blasfèm. Men jodi a nou fè pati de bagay ke nou panse se te yon blasfèm la. Noumenm fanm k ap koupe cheve nou epi makiye figi nou, manman nou te kont sa, bon—bon vye sen pannkotis sa. Kisa k te rive w? Pòl di: “Ou t ap byen kouri, kisa k te anpeche w?” Ou wè? Lè sa ou te lib de bagay sa, men nou te vle vin tankou lòt rès yo.

<sup>239</sup> Egzaktèman sa Samyèl te di a. Izrayèl te gen yon Wa, e se te Bondye. Epi yo di: “Samyèl, w ap vin granmoun. Ban nou yon wa, nou vle tankou rès mond lan. Nou vle vin tankou lòt nasyon yo. Nou vle yon wa pou diriye nou nan lagè, nou vle yon wa ki ka mennen batay nou yo.” E sa pa t fè Samyèl plezi.

<sup>240</sup> Li di: “Èske m te janm pran anyen nan men nou? Èske m te janm pran lajan nou nan men nou? Èske m te janm mande

nou yon bèf oswa nenpòt bagay? Èske m te janm mande nou yon bagay?”

Yo di: “Non. Ou pa t janm mande nou anyen.”

<sup>241</sup> Oswa te di: “Èske m te janm pale avèk nou lan Non Seyè a anyen lòt ke sa k te rive?” Èske se vre? Li di: “Alò pa gen dezi wa sa, paske sa pral vle di dezòd pou ou.”

<sup>242</sup> Kounye a mwen vle mande nou yon bagay, Branham Tabènak la. W ap prepare w pou vin yon gwo tabènak kounye a. Mwen ka pati pou yon ti tan. Mwen ka ale kèk kote. Li difisil pou di ki kote Seyè a ap rele m; petèt andeyò sèn lan, petèt tounen nan chan an, petèt Li ka rele m nan dezè a. Mwen pa konnen ki kote L ap rele m jouk Jezi vini. Mwen vle mande nou yon bagay. Èske m te janm mande nou anyen? [Kongregasyon an di: “Non.”—Editè a.] Èske m te janm sipliye nou pou lajan? [“Non.”] Èske m te janm di nou yon bagay, pami milye bagay ke m te di nou yo nan Non Seyè a, ki, pa t rive? [“Amèn.”] Alò piga nou janm rantre nan yon òganizasyon. Se kont Pawòl Bondye a. Soti ladann si w ladan l, ke w separe pou w resevwa Pawòl Seyè a.

Annou koube tèt nou.

<sup>243</sup> Gran Bondye pwofèt yo, Bondye Abraham, Izarak, ak Izrayèl, ajoute vèti, Seyè, pou ti Mesaj rabache sa ki te nan kè m depi lontan, pou m al kot frè m yo. Anpil nan sa yo laba a, Seyè, gen move enpresyon de mwen. Yo panse ke mwen vle diferan. Yo panse ke m ap eseye vin yon moun ki konn tout bagay. Yo te di moun yo ke m ap twonpe yo, espesyalman sou sijè tankou *batèm dlo* nan Non Seyè Jezi a, epi sou *semans sèpan an*, *gwo pwostitye* a, epi sou anpil nan kasèt sa yo ki te soti ak sèlman Verite san melanj. E m te mande yo: “Kèk nan nou vin montre m kote mwen peche, oswa mwen pa kwè oswa mwen mal entèprete Pawòl la.” E pa gen youn ki te vini. Mwen priye W, Papa, ke mesye sa yo konnen ke y ap manke moman an. Yo pral tann twò ta, si yo pa siveye byen. Ke yo, chak . . .

<sup>244</sup> Seyè, mwen sèten de sa, kè m t ap brize si Ekriti sa pa t reyèl pou mwen, kote W di: “Tout sa Papa a ban Mwen, ap vini. Brebi mwen yo tandè Vwa Mwen.” Alò, Seyè, mwen kwè Wayòm lan se jan Ou te di l tout bon an, Mwen konnen se sa, se tankou yon nonm ki te pran yon filè epi ki t al nan lak la, ki te jete filè a epi ki te rale soti tout kalite espès. Te gen, san dout, pwason predatè, te gen tòti, arenyen nan dlo, sèpan, tout bagay ke filè Levanjil la te sezi. Men finalman, tipa pa tipa, kribich la te retounen nan dlo a ankò, tòti a te retire kò l, sèpan an te sifle epi te retounen nan twou labou a, tankou yon chen nan vomi li oswa yon kochon nan twou li. Men te gen yon pwason reyèl la, Seyè. E m gen konsolasyon sa, pou m konnen, ke menm anvan nas la te lanse sou yo, yo te deja pwason. Yo te fèt, te predestine pwason. E se konsa filè Levanjil k ap trape nan revèy yo. Ou konnen Pwòp pa W yo. Sèl bagay mwen responsab, Papa, an otan ke m konnen,

se rete fidèl a Pawòl sa. Ou se Sila Ki deside vrèman kimoun ki kimoun. E mwen konnen ke menm jan tòti a pa ka vin yon pwason twit, konsa tou yon nonm oswa yon moun, ki gen zòrèy soud pou Levanjil la, pap janm konprann Laverite. Paske Papa a te wè sa davans, e Ou te pwomèt ke tout sa Li te ba Ou t ap vini.

<sup>245</sup> Papa nou ki nan Syèl la, mwen priye W ke chak moun k ap tandè ti Mesaj sa, ke Limyè ke li te preche ladann lan, epi siyifikasyon ke m gen nan kè m pou zanmi kanmarad mwen yo, moun pou ke W te mouri pou. . . E mesye sa yo, kèk nan yo deyò a la, Seyè, tankou nan gwoup Kore a, dèzòm otantik, ke yo te mal dirije, ak yon ansanswa sen nan men yo, men yo te peri. Enben, yo pa t menm vle kite ansanswa dife a antre avèk yo; Pitit Arawon an, Eleaza, te dwe ranmase l. Epi yo te fè yon bandwòl pou lotèl la ak kastwòl sa yo, yon boukliye, pou montre, e pou vin yon souvni de bagay terib sa, ke Kore te eseye fòme yon fèt òganize kont mesaje Bondye a. Ke sa rete lwen nou, Seyè. Ke Sentespri a toujou pwoteje nou.

<sup>246</sup> Nou remèsye W, Seyè, ke ti legliz nou an, ti chapèl sakre sa. Sa fè anpil lane, pandan trant kèk lane etranj, mwen te ajenou nan letan la plen ak move zèb ak imidite, e nou te konsakre tè sa a pou Ou, ti estrikti sa a. Epi laba nan kwen tabènak sa a ou jwenn vizyon sa a. Sa te rive egzaktman. Sa toujou la. Yo pa pral dechire l, Seyè, yo jis pral. . . l ap pran laj, epi yo jis pral prezève l lè y ap mete youn sou tèt li. Bondye, akòde ke Levanjil annò sa a ki anrejistre nan paj yo la, ke Li pa janm kite ti legliz sa jiskaske Kris vini. Ke chak manm, chak manm nan Kò Kris la, yo vini isi a soti atravè nasyon an e atravè lemonn, ke yo chak resevwa Limyè a, Levanjil la, epi mache Ladann L alò pou resevwa Kris.

<sup>247</sup> E ke sa vin tèlman reyèl ke Pawòl Li yo va rive: “Zèb ke m fè yo, yo va fè yo tou. Sila ki tandè Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl.” E lè Lavi Etènèl vini, yo ne soti Anwo, e zèb yo soti nan Bondye pou ap manifeste tèt yo, paske se menm Lavi ki te nan Li a. Li pa ka fè anyen lòt.

<sup>248</sup> Kifè, Papa, pèmèt ke legliz sa a pa janm repoze destinasyon Etènèl li sou yon sansasyon, sou yon òganizasyon, sou nenpòt bagay ki mwens ke Kris Limenm k ap viv nan yo, ki konfime Pawòl Li atravè yo ak pwomès Li. Ke, depi timoun pi piti isi a aswè a, jouk moun ki pi aje a, resevwa eksperyans sa. E ke tout gason oswa fanm, ti gason oswa tifi, k ap tandè kasèt sa a, ke sa ka konsa pou yo, Seyè, epi ba yo konpreyasyon ke m ap sèlman eseye avèti epi rele soti, paske lè a pi ta ke nou pansè.

<sup>249</sup> Epi nou wè Babilòn, manman pwostitiye a, ak tout pitit fi pwostitye li yo k ap rasanble ansanm. Bondye, nou reyalize ke Lekriti di ke move zèb ki soti nan jaden ble a pral mare an premye, an pakèt. E yo te mare an pakèt, ap bay tèt yo non blasfematwa ki vrèman pa konsène yo, li pa konsène Legliz la,

non plis; se pakèt lòj, pa legliz. Gen sèlman youn nan yo, Papa, e se Sila Ou te mouri pou li a.

<sup>250</sup> E mwen priye, Papa, kòm nou wè yo tout ap rasanble kounye a pou yon dife atomik byento, Mwen priye, Seyè, ke W va kite ble a plen epi lou. Akòde l, Seyè. Ke nou grandi epi ap briye Limyè, epi vin tankou Jezi, “Si m pa fè bagay ke Bondye mande M fè yo, alò mwen pa gen okenn Vi nan Mwen. Men si Bondye pale epi montre Lavi Li, alò Sa pale pou tèt Li.” Akòde l, Seyè. Mwen remèt Mesaj sa a ba Ou, e ke W ap veye sou Li, epi mennan dè dizèn de milye, Seyè, oswa, tout pitit predestine W yo pou Levanjil la. Nan Jezikri, Ki se Pawòl la, mwen priye nan Non Li. Amèn.

Mwen renmen . . . , mwen . . .  
 Paske . . . te renmen m an premye  
 E li te achte sali mwen  
 Sou pyebwa Kalvè a.

<sup>251</sup> Mwen pral poze kesyon an. Konbyen moun aswè a nan oditwa vizib sa la, nan bèl gwo legliz moun sa yo, oswa nan kay moun yo, pito, nan plas pou adore sa, ki kwè ak tout kè l, ke vi w mezire ak egzijans (oumenm) Bondye ak Bib la, epi ou kwè ke, lè w gade pwòp vi w, pou wè fason Lespri ap aji nan ou, ke li kwè chak Pawòl jan L te ekri a, pou ap kenbe L? Èske w kwè Sa? Bondye beni w. Ke L toujou gade Lespri L sou ou.

<sup>252</sup> E pou zanmi m sou kasèt la, mwen swete w te ka gade isi a nan oditwa sa aswè a, Mwen sipoze omwen katrevendis pousan moun yo te gen men yo leve, ke yo te kwè epi ap obsève Bib la, (pa sa legliz di) sa Bib la di, (pa sa lòj la di) sa Bib la di, e yo wè Lavi Kris k ap reflekte ladan L.

<sup>253</sup> Ou konnen, nan ansyen tan anvan yo te gen fondri, òfèv la—la te konn bat lò a ak yon mato. Mwen sipoze nou tandè pale de sa. Anvan sa te konn al nan fondri a, yo te konn bat li. E lò se materyèl ki pi lou, li pi lou pase plon. Kifè mwen t al fè yon ti pwospèksyon, kote w ka pran sab nan dezè a pou lave yo, epi fwote nan men w pèsyon anlè sab la, epi apres, “pouf,” Soufle *konsa*, epi pousyè ak tout bagay ap vole ale, wòch yo, men lò a tèlman lou li rete la. E lè w rekòlte lò sa a, li te tèlman woule nan pousyè ke sa te akimile anpil. E pandan tout aj vòlkanik yo alòske sa t ap akimile, li te gen labou ak tout bagay, pirit fè ak lòt materyèl melanje avè l. Batè a te konn pran moso lò sa a pou bat li epi vire l, epi li te konn bat li epi vire l, jiskaske li te bat tout salte soti ladan l. E nou konn kijan li te konnen ke li te fè tout fatra a soti? Se lè l te ka wè pwòp imaj li reflekte ladann.

<sup>254</sup> E se fason sa Bondye fè ak Legliz la. Li bat tout kredo, tout denominasyon, tout dòg ke men moun fè, jiskaske L wè Pwòp Vi L ap reflekte nan ou. “Si m pa fè zèv Papa M yo, pa kwè M.” Ou wè? Si se sa ki vize pou Legliz la, Lavi ki te nan Kris la pap reflekte nan ou, piga w ret trankil si w pa gen pasyans, vèti, tout bagay

sa yo, ak tanperans, ak—ak bagay sa yo, ak pyete, ak lanmou fratènèl, ak tout bagay sa yo ke yo egzije nou. Kèlkeswa sa w te fè, kèlkeswa jan w te kriye fò, nan konbyen legliz ou te rantre, kantite plim ou te kole sou kò w, piga w fè sa. Tann jiskaske an tout senserite, ak kè w, ou ka padone, jiskaske nan kè w ou gen lanmou fratènèl. Pe enpòt si yo rale yon ponyen bab ou sou yon bò, ou ka vire lòt machwè a avèk dousè, ou wè, jiskaske vèti sa yo, pe enpòt sa yo di w.

255 Lè yo te mete yon ranyon nan figi L pou frape L nan tèt, pou di: “Kounye a, yo di m ke Ou se yon Pwofèt.” Kounye a retire ranyon an sou Li, e youn nan yo te kenbe baton an, te di: “Kilès nan nou ki te frape W? Pwofetize pou di nou, nan lòt mo, lè sa nou va kwè Ou se yon Pwofèt.” Li pa t janm louvri bouch Li.

256 Lè w tande yon pwofèt leve, ki gen tout repons pou chak trik ke w ka mennen, sonje, li pa yon pwofèt. Jodi a yo dwe konn tout bagay, kilè w pral gen yon mal dan epi kilè w pral gen yon vant fè mal, ak tout lòt bagay, pou ap di w tout bagay sou sa. Se pa nati Bondye nou an. Obsève pwofèt yo, obsève Jezi.

257 Gade Pòl, lè li te ka frape yon nonm pou vin avèg, epi kite bòs fòjon an mete l deyò nan peyi a, “Mwen kwè li te pèdi pouvwa l pou rann moun avèg.”

258 Jezi, Ki te ka resisite mò, e poutan te di . . . Yon sòlda sou te krache nan figi L, te rale rim pou krache epi te rache bab nan figi L, epi te frape L nan tèt, avèk yon ranyon antoure L, te di: “Pwofetize epi di nou kimoun ki te frape W.” E li pa t louvri bouch Li.

259 Pa siveye tout ouvriye tètatè sa yo. Men sonje, yo sèlman ap pale, yon fo dola sèlman deklare ke gen yon vrè kèkpa. Lè w wè bagay òganizasyon sa ap grandi epi ap pwospere, jan sa te di “bagay òdinè t ap pwospere nan men l,” jis sonje, gen yon ti Legliz Bondye yon kote, vrèman ki ranpli ak Sentespri, otantik, ki ap eskalade nechèl la. Pa gade gwo òganizasyon.

260 De ki pi gran legliz yo te pale nan Bib la pase aj legliz Efezyen an? E lè Pòl te pase anwo bò kòt Efèz yo, epi te rive nan legliz sa, te gen douz òm ladan l. Se vre. E yo tout te bon moun, yo t ap rele fò epi yo t ap pase yon bon moman, men yo potko resevwa Sentespri a. Pòl di: “Nou pa t resevwa Sentespri a depi nou te kwè?”

Yo reponn: “Franchman, nou pa t menm konnen te gen yon Sentespri.”

261 Li di: “Alò kijan nou te batize?” Si sa pa t fè yon diferans, kisa l te di legliz sa laba a?

262 Yo te di: “Nou deja batize pa youn nan pi grantòm ki te janm mache sou tè a, Jan Batis, ki te batize Seyè nou an. Èske batèm sa pa t bon ase?”

<sup>263</sup> Li di: “Non, mesye. Ou dwe batize, paske Wayòm lan sele pou nenpòt lòt bagay la.” E lè yo te tande sa . . . Te di: “Jan te sèlman batize pou repantans, pa pou padon peche, ap di ke ou ta dwe kwè nan Sila ki gen pou vini an, ki vle di, nan Jezi.” E lè yo te tande sa, yo te rebatize nan Non Jezikri. Se vre. Egzakteman. Yo te swiv Lekriti.

<sup>264</sup> Ou konnen, nan konsekasyon an maten an, Moyiz te swiv modèl li te wè nan Syèl la, epi li te monte yon tant pou reprezante l. Lè Salomon te bati tanp lan, limenm (kisa l te fè?) te swiv modèl ke Moyiz, avèk tant lan, pou ap kenbe Ekriti a aliyen.

<sup>265</sup> E lè Bondye te vin nan Tanp Li pou dènye jou yo, Tanp sa a, Sentespri a, “yon kò Ou te prepare pou Mwen,” Sentespri a te tonbe Jou Pannkot la, mesaj la se te: “Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche yo, e ou va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou nou ak pitit nou yo, e pou sa yo ki sot byen lwen, menm tout sa Seyè Bondye nou an va rele.” Si w vle rele minis ou a yon doktè, Doktè Simon Pyè te ekri yon preskripsyon, yon preskripsyon Etènèl. Se sa k geri malad yo.

<sup>266</sup> Kite kèk nan famasyen chalatan sa yo k ap eseye, ak denominasyon, ekri l yon lòt fason, se poutèt rezon sa yo te gen . . . Ou konnen, si w pa ajoute . . . ou ajoute twòp nan preskripsyon an, ou ka . . . twòp pwazon, ou ka touye pasyan w lan. Si w pa mete ase ladann, ou . . . pa pou antidòt la, si w pa mete l, sa p ap itil pasyan w lan anyen. Doktè w la jis konn kijan pou l ekri preskripsyon an.

<sup>267</sup> E Kris, Sentespri a, se Moun k ap ekri Preskripsyon an, e se Li ki te ekri L. Pa ajoute sou Li oswa retire nan Li, jis pran Medikaman an fason l ye a. Li se Remèd pou tout maladi. Bondye beni w. Ou renmen L? Amèn.

Mwen renmen L, mwen . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

Paske Li te renmen m an premye

E li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

<sup>268</sup> Kounye a pandan n ap fredonnen l, vire tounen epi bay vwazen w lan lanmen. O, li se yon pèleren tou, k ap pase.

Mwen renmen L, mwen . . . (. . . ? . . . sa gran.)

Paske Li te renmen m an premye

Epi te achte . . . sali

(Vin nan koulwa sa. Wi, mès, frè m.)

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

E li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

mwen renmen L,

Ann chante l kounye a.

Mwen renmen L  
 Paske Li te renmen m an premye  
 E li te achte sali mwen  
 Sou pyebwa Kalvè a.

<sup>269</sup> Kounye a annou koube tèt nou, fèmèn je nou, leve men nou ak vwa nou bay Bondye kounye a, pandan m ap remèt nou bay pastè a. Nou kontan genyen w isi a. Nou pa gen okenn denominasyon. Nou pa gen okenn lwa ke lanmou, okenn kredo ke Kris, okenn liv ke Bib la. Pa gen manm; jis fratènite atravè San Jezikri ki pirifye nou de tout enkredilite.


<sup>270</sup> Dakò, tout moun ansanm kounye a.

mwen . . . , mwen . . .

Bondye beni w. Retounen vizite nou ankò.

Paske Li te renmen an premye . . .

Dakò, pastè. Ou prè? Bondye beni w.

Epi . . . 

62-1111E Poukisa Mwen Kont Relijyon Òganize  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souplè:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)